A-PDF Merger DEMO : Purchase from www.A-PDF.com to remove the watermark



Б. ҚАЙЫПНАЗАРОВ

# ЕРЖАН КӨК

БАЙНИЯЗ ҚАЙЫПНАЗАРОВ

# ЕРЖАН КӨК

*(Қосықлар, балладалар ҳәм поэмалар)*

[illegible] ALI'NDI'-2010

НӨКИС „ҚАРАҚАЛПАҚСТАН" 1983

ҚҚ2
К—25

Ҳүрметли китап оқыўшылар! Қарақалпақстан халық шайыры Байниз Қайыпназаровтың бул жаңадан усынып отырған топламында сизлер сүйикли шайырыңыздың соңғы жыллары жазған қосықлары ҳәм поэмалары менен танысасыз.

Шайыр гүлленген үлкемиздиң сулыў тәбиятын, туўысқан халықлардың бир-бирине болған иззет ҳүрметин, жаслардың пәк муҳаббатын ҳәм оны қастерлеўди йош пенен жырлайды.

Бунда автордың көлемли „Ержан көк" поэмасы менен танысасыз.

Рецензентлер: Ғ. Сейтназаров
Т. Қабулов

К 70403—23 / М—357(04)—83 23—83 4702250000

© „Қарақалпақстан" баспасы, 1983

115345

Гүл деген шырайлы тәбият қызы,
Сонша сулыўлықты биз ушын гизлер.

Дүньяда көп болар гүл қумар көзлер,
Ҳәрким ҳәр шеменнен өз гүлин излер,
Уллы үмит пенен талпынған кеўлим,
Гүллердиң ең гөззал биреўин гөзлер.

Питер таў төсине, дәрья лебине,
Шақасы желпинер таңның желине,
Гүл аралап келер сәрўи қаўметли,
Қара шашы түсер қыпша белине.

Мениң қыялыма бир жанлы гүлсең,
Жаҳан жайнап кетер сен күлпы дөнсең,
Таң самалы шайқап таңның алдында,
Жаным заўықланар әсте тербелсең.

Изиңе ерермен жел болып ессең,
Тәрбия берермен гүл болып өссең,
Ядқа түсирермен өткен бәҳәрди,
Жаслықтай жарқ етип көзиме түссең.

## НӨКИС

Төбенде нур шашар бахыт қуяшы,
Жеринде ырғалар мийнет гиясы,
Бизиң бул әжайып дәўирдиң басы,
Октябрь таңында еркинсең Нөкис.

Бағларың гүл қумар кеўлимди тартар,
Жолаўшың сапардан айланып қайтар,
Саған деген ықлас, сағыныш артар,
Басқа қалаларда иркилсем Нөкис.

Еки ернегинде тоғай тербелер,
Күн жылт етсе музлар ерир, сең келер,
Ағысқа пәт енер, толқын еркелер,
Әмиў жағасының көркисең Нөкис.

Шөлди шәҳәр етип гүллентген жақта,
Өз пайыңды туўрап турыпсаң сапта,

INVENTAR №
82136

Тарийхы қысқаша, азғана ўақта,
Өскен қалалардың бирисең Нөкис.

Турған жери қумлар иши десе де,
Көп еле исленер иси десе де,
Көргенлер бойы пәс, киши десе де,
Мениң қыялыма ирисең Нөкис.

Салыстырып көрсем дәслепки күнге,
Тиклеген ўақытқа шаңарақ, ирге,
Кем-кем бийиклесең зийнеме - зийне,
Мәрт адам қолының гүлисең Нөкис.

Таңда иске шығар жигитлер, қызлар,
Көшеңе жарасар мектеплер, Вузлар,
Көркиңе қарасар көкте жулдызлар,
Өзиң де жулдыздай жайнайсаң Нөкис.

Ленин майданшасын көрсең ой салар,
Мәденият сарайы көз отын алар,
Жаңа мийманхана бой тиклеп барар,
Еле көкке қарай өрлейсең Нөкис.

Завод, фабрикалар иске шақырар,
Мен жумысқа шықсам кеўлим шарқ урар,
Сен жас қала бағдай өсип барқ урар,
Күшиңе толысып гүрлейсең Нөкис.

Бүгин дәл ортаннан темир жол өтер,
Таслақ, Тахиа тас тутасып кетер,
Жақын ўақытларда буннан да бетер,
Абадан боласаң, гүллейсең Нөкис.

*1977-жыл.*

## ӘРМАН ЕТИП ЖАСАЙМАН

Бул дүнья дегенниң ғалма - ғалы көп,
Ҳәр ким өз қолынан келгенин ислер.
Ким ойласа исти өзи болар деп,
Ол ўақтын уттырар, бармағын тислер.

Кел кеўлим, қулақ сал, айтылар сөз бар:
Мийнет ет, дөрет сен, болма арқайын,



Адаматлық, мәртлик сыналар тез бар,
Ер болсаң хызметтен табыл ҳәрдайым.

Қанатлы дәўирдин пәтине илес,
Күнлер жылдырымдай, жыллар тез өтер,
Ийгиликли истиң бәрине үлес—
Қоссаң, ерлигинди еллер сөз етер.

Мен болсам йош алып таңғы шуғладан,
Қалем менен сөз гәўҳарын қашайман.
Көз алмаған еле шала тулғадан,
Өзим де бир мүсиншиге усайман.

Өмир жетсе, питкерсем деп ойлаған,
Әрманым көп, әрман етип жасайман,
Алға тартар, үмит артар ол маған,
Мен әрманды дәрман етип жасайман.

*1978-жыл.*

## КЕҢ ДАЛАМ

Қыя шөлле, қум ишинде қулпырған,
Маған жәннет өскен жерим, кең далам.
Айдын жолда алға қарай умтылған,
Ҳаллас урған жүрегиме тең далам.

Мениң мына гүлге қумар кеўлимди,
Жайнап турған гүллер менен көм далам,
Хош ийисли гүл қандырса мийримди,
Ишсем суўың, жутсам ҳаўаң ем далам.

Жетилдирип ушырғаның есимде,
Қонар болсам алтын уям сен далам.
Меҳир суўын ишип өскен төсиңде,
Желкилдеген бир гияңман мен далам.

Ақыл, уқып, билек күшим сен ушын,
Мийнет етсем саған тамар тер далам.
Жыраларың өз үйимдей мен ушын
Қумларыңның етеги де төр далам.

Келешегиң көз алдымда толайым,
Бүгингиге салып турман сер далам.

Мен де сендей бир жазылып алайын,
Көкирегиме кеңлигиңди бер далам.

*1978-жыл.*

## ЕНДИ

Самал турса шаңын аспанға атқан,
Тымық болса мүлгип уйқыға батқан,
Қызыл нардай шөгип, көсилип жатқан,
Қумлар өз етегин жыйнайды енди.

Өмир бойы күнге төсин сүйдирип,
Сахра жатса қус қанатын күйдирип,
Суў апарып, шөлдиң баўрын ийдирип,
Дыйқан жер жүрегин тыңлайды енди.

Ис басласа питер жеңислер менен,
Жер үстин толтырып егислер менен,
Мийнеттиң мийўасы—жемислер менен,
Кең далам халқымды сыйлайды енди.

Жаплар ағып турса дәрья сағалы,
Көклеп қулпы дөнсе жердиң жамалы,
Елпип ессе дүзлиң ерке самалы,
Гүллер шақаларын ырғайды енди.

Ғайратын сарп етип, тамызып терди,
Ислеген баҳадыр мийнеткеш ерди,
Қудиретли техника гүллентken жерди,
Шайыр йошып-йошып жырлайды енди.

*1978-жыл.*

## БАДАМ ҚАБАҚ АСТЫНДА

Татлы сезим келип, қуўана баслап,
Кеўлим алып ушқан ўақта ҳалласлап,
Жүрегиме жанарынан от таслап,
Бир көз кетти бадам қабақ астында.

Меннен узаңқырап қайрыла қарап,
Билектей бурымның ушларын тарап,
Назлы жылўасына күткендей жуўаг,
Күлимлейди сол көз қабақ астында.



Өзимди магниттей тартып өзине,
Көзимди телмиртип нурлы жүзине,
Мени өз еркиме қоймай изине,
Ертип кетти сол көз қабақ астында.

Таўыстай таранып, гүлдей жетилип,
Сөйлесе тилинен дүрлер төгилип,
Мен оның нигине турсам тигилип,
Ушқын атар сол көз қабақ астында.

Өзи усап таза жәннет ҳүрине
Қарап тура берсин дей ме түрине,
Ал, мени бәнт етип ышқы гүлине,
Бир көз кетти бадам қабақ астында.

*1978-жыл.*

## МИЙНЕТ ГҮЛИ

Мийнет гүли жердиң үстин безеген,
Атызларда көз тартады ғаўашa.
Сап дүзген солдаттай қаддин дүзеген,
Қатарласып турғанлары тамаша.

Ыссы баўырына басып өсирген,
Тамырына азық берген топырақ.
Көктен керегинше жақты түсирген,
Қуяштан нур емип жайған жапырақ.

Кең етекли көлемлерди толтырып,
Пахта өскен қулпы дөнип жаўдырап.
Дыйқанлардың мүддәасин болдырып,
Атқан таңлар шуғла шашқан жарқырап.

Боз баўрын ийдирген трактор айдап,
Механизатор қызлар, ғошшақ жигитлер.
Еткен ислеринен жүзлери жайнап,
Бәриниң кеўлинде үлкен үмитлер.

Нәўбәҳәрден баслап қула дүзлеги,
Мол зүрәәт ушын урған жәўланлар.
Ақ алтын тийеген алтын гүзлеги,
Көзге елеслейди қызыл кәрўанлар.

*1978-жыл.*

## ҚОСЫҚ ТОҚЫРМАН

Жерим сени еле бети ашылып,
Оқылмаған китап десем болады.
Таўың, қумың көзге оттай басылып,
Гүллериңди көрсем кеўлим толады.

Белес-белес қыратларың қырланып,
Жазық дала кең жазылып жатады.
Топырағыңнан ел ырысқы жыйналып,
Мийнет қызғын, таңлар тыныш атады.

Партаў бозға ҳасыл тухым шашылып,
Жаңа жерге жаңа канал созылар.
Тыңлардың жемиси—жүклер тасылып,
Қумлар үстин қаплар қойлар, қозылар.

Ел барса бағ болып гүл өсип жайнап,
Кем-кем көркейеди кеңисликлериң.
Талай тоғайларды қопарып таслап,
Еле кеңейеди егисликлериң.

Сонда сениң бүгип келген сырыңды,
Пахта тамыры менен ашып оқырман.
Толы ғазийнесел ойы-қырыңды,
Тәрийпиңди жырлап қосық тоқырман.

*1978-жыл.*

## ЖАСЛЫҒЫМ СЕНИ ИЗЛЕЙМЕН

Әрманлар иске асканда,
Жүриппен Өзбекстанда,
Әжайып бағы-бостанда,
Жаслығым сени излеймен.

Жасарған жаңа Ташкентте,
Гүлленген гөззал бул кәнтте,
Иркилип ҳәр бир дәрбентте,
Жаслығым сени излеймен.

Күндиздей айдын түнлерде,
Жаңғырып жетер үнлерде,



Сағынып усы күнлерде,
Жаслығым сени излеймен.

Жулдызлы, айлы кешелер,
Жүриўге жайлы көшелер,
Жолыма гүлдей төселер,
Жаслығым сени излеймен.

Ығбалым инам етсе де,
Ўақтында қолым жетсе де,
Мәҳәлим өтип кетсе де,
Жаслығым сени излеймен.

*1978-жыл.*

## ҚУТЛЫ БОЛСЫН ЖАҢА ЖЫЛ

Дәўир барар илгери тартып,
Ҳәр секунди күнлерди тежеп,
Шадлы елдиң дәўлети артып,
Жыл изинен жыл келеди деп.

Он еки ай сағынып күткен,
Жаңа жылым, жаңа ўақытым,
Дәстүриме айланып кеткен,
Мийнет етип тапқан бахытым.

Жыл келеди және жаңадан,
Ислериме берекет дарып,
Турмысым болады абадан,
Молшылыққа қаламан жарып.

Мен күтемен жылды сол ушын,
Бахыт болып келсин ҳәр күни,
Жеңис, ырыс болсын ел ушын,
Қуўанышқа толсын бар күни.

Ҳүрметине ёлка дүзетип,
Байрам етиў дәстүрим, салтым,
Шағлаң бүгин, тойлаң ҳәз етип,
Қутлы болсын жаңа жыл халқым.

*1978-жыл.*

## ПАХТАКЕШЛЕРГЕ

Пахтакеш досларым арана келдим,
Ағыслы арнаңды жағалап жүрдим,
Пахта атызынды аралап көрдим,
Кеўлим толып-тасты мийнетиңизге.

Жерге бәҳәр келер, және жаз келер,
Жаз келсе мәрглердиң иси саз келер,
Ерлигине қосық жазсам аз келер,
Дәстанлар жазарман ҳүрметиңизге.

Сенде қызық күндизлерим, түнлерим,
Жаным сүйер бағларыңның гүллерин.
Есиме түскенде жаслық күнлерим,
Кеўлим алып ушар ел бетиңизге.

Кең дала қойыпты байлығын гизлеп,
Қырманлар турыпты бәленгти гөзлеп,
Оны үйген мийнет батырын излеп,
Қыялларым кетер жер бетиңизге.

Маңлай териңизден атыз ағарған,
Ерлик исиңизден илҳам алармаң,
Ушырасқан жерде қайыл қалармаң,
Әдеп-икрамлы иззетиңизге.

Ҳәр күнги атқарған хызметин бақлар,
Азамат халқының үмитин ақлар,
Ҳәр бириңди ыссы-суўықтан сақлар,
Пана болғым келер жел бетиңизге.

Атқан таңлар алтын шуғласын шашып,
Пахта қырманлары турыпты тасып,
Той күни боз орда есигин ашып,
Бас ийип өтермен төрбетиңизге.

Алтын өнер ана жерди ҳүрметле,
Алтын гүзде ийе етер ҳүрметке,
Алты ай жазғы пидәкерлик мийнетте,
Жеңислер тилеймен өзлериңизге.

*1978-жыл.*



## ОКТЯБРЬДИҢ ЖЕҢИСИ

Қызыл байрақ көкке өрлеп,
Онжетинши жыл келди.
Исши, дыйқан дөгереклеп,
Пана билди Ленинди.

Көкиректи ашыў кернеп,
Күнлер болды даўыллы.
Қас душпанға қылыш сермеп,
Сом билеклер қарыўлы.

Езилгенлер балта урды,
Патша, ханлар тахтына.
Қудиретли сапқа турды,
Гүрестен мәп тапты да,

Октябрь таң болып атты,
Мийнеткешлер бахтына.
Ленин халықтың көзин ашты,
Алып шықты жақтыға.

Бахыт нуры жүзимизде
Еркин елде жасаймыз.
Күндей күлип өзимиз де,
Таң гүлине усаймыз.

Бизге мәңги бахыт берген,
Дана Ленин, Октябрь.
Азат, шадлы ўақыт берген,
Жаңа дәўир—Октябрь.

Октябрьден басланады,
Бизиң жақсы күнимиз.
Жүрегимиз шадланады,
Жаңғырады үнимиз.

Октябрьдиң жеңисинен,
Пәт алады исимиз.
Еркин мийнет жемисинен,
Татады ҳәр кисимиз.

Тыныш жасаў уранымыз,
Тынышлықты сүйемиз.
Дослық сөзи қуралымыз,
Уллы күшке ийемиз.

Соның ушын ардақлаймыз.
Бул парахат заманды.
Биз дүньяда жақтырмаймыз,
Урыс қумар адамды.

Тыныш жасап айға уштық,
Қолға алдық жеңисти.
Тыныш жасап бахыт қуштық,
Ҳәм питкердик көп исти.

Тыныш елде толып турсын,
Тыныш мийнет жемиси
Халқымызға қутлы болсын,
Октябрьдиң жеңиси!

*1979-жыл.*

### ҚАСЫМ ӘЎЕЗОВҚА

Пәми пәр қыйса да қалған кейинде,
Пүтин жаға кийими жоқ ийнинде,
Сен туўылып жарлы дыйқан үйинде,
Ата-анаң қуўанды көрип жүзиңди.

Бессары жап ийрим тартып аққанда,
Нәўпир суўы боз баўрына жаққанда
Көктен қуяш күлип жерге баққанда,
Бесжап бойларында көрдим изиңди.

Қаршадай басыңнан иследиң талап,
Қартайған атаңның ҳалына қарап.
Мүшкилин жеңилтип, күнине жарап,
Кенелдирип жүрдиң үйи-дүзиңди.

Еркин бир қус едиң қанаты талмас,
Билекте күш-жигер, кеўлиңде талўас,
Келешекке қарай әйледиң пәрўаз,
Қыйынлық алдында бүкпей дизиңди.



Әрманшыл қыялың шарлап әлемди,
Алдан үмит еттиң таслап қәдемди,
Қолыңнан түсирмей қағаз-қәлемди,
Билимге сарп еттиң жаслық гезиңди.

Жигит болдың гүллер оңы-солыңда,
Шайыр болдың қалем ойнар қолыңда,
Дәслепки мийнетиң „Тилек жолында"
Халқың қәстерлейди жазған сөзиңди.

Халыққа таныстырып Пушкинниң атын,
Қарақалпақшалап Татьянаның хатын,
Байыттың елиңниң әдебиятын,
Дилмашлықта сынап көрдиң өзиңди.

Өз алдыңа қойған мақсетиң анық,
Ақылың, уқыбың, билимиң алық,
Исиңди баҳалап партия, халық,
Ҳүкимет басына қойды өзиңди.

Атқа миндиң, аттың жеми дорбада,
Шымбай менен Төрткүл еки ортада,
Алма—ата менен Қызыл ордада,
Халық исиңде журт таныды өзиңди.

Елден елге ушар еркин қуслар да,
Жумыс жайлы барған сол бир тусларда,
Көре қалған Алма—аталы дослар да,
Бизиң Қасым ағай дейди өзиңди.

Ел басқарып уллы сынға түскенде,
Ўәкил болып турғаныңда Мәскеўде,
Қарақалпақ мәселесин шешкенде,
Халық атынан айттың сөйлер сөзиңди.

Бизде сондай иске жәўлан урамыз,
Халықтың мәпин гөзлеп бүйир бурамыз,
Ҳәр күни хызметте көрип турамыз,
Сениң Азатыңды, қарар көзиңди.

Гүлленген ел болды туўылған елиң,
Бүгинги абадан аўылым мениң,

Совхоз атын қойып атыңа сениң,
Халық қадирлеп, умытпайды өзинди,

*1979-жыл.*

## БӘХӘРИМ КЕЛДИ

Қыстың қамалы кетсе,
Гия бәртер тауларда.
Сәўир самалы ессе,
Суў сарқырар сайларда.
Күнниң қуяшы түссе.
Бүртик жарар бағларда.
Гүл ашылып йош берер,
Мениң бәхәрим келди.
Кеўлим ш..лқып хош көрер,
Жазар мәҳәлим келди.

Таллар шақалап өссе,
Саясын төсер жерге.
Тамыры тереңлессе,
Төбесин созар күнге.
Пәкизе бир леп ессе,
Әсте тербелер желге.
Кең далама көрик берип,
Мениң бәхәрим келди.
Қыялыма ерк берип,
Жазар мәҳәлим келди.

Шарўалар шығар қыстан,
Жазда өристи жайлар.
Қойлар от излер тыстан,
Қырда қозылар ойнар,
Сахралар болар бостан,
Жерлер гүлленер жайнар.
Бағда бүлбиллер сайрар,
Мениң бәхәрим келди.
Жүрегимде йош қайнар,
Жазар мәҳәлим келди.

Дәрьялар ағар тасып,
Гәўҳарын бизге гизнер.
Қуяш нәўпир нур шашып,
Дарақлар қаддин дүзер.



Бағлар және гүл ашып,
Елимниң көркин безер.
Жерди қулпы дөндирип,
Мениң бәхәрим келди.
Қалемге жан ендирип,
Жазар мәҳәлим келди.

*1979-жыл.*

## МӘНЗИЛГЕ

Айға адам қондырған,
Жүйрик қыял, озық ой.
Болмағанды болдырған,
Бизиң илим қызық ғой.

Төсине ҳөл тиймеген,
Қумларды да гүл басқан.
Космосты да бийлеген,
Жулдызларға жол ашқан.

Бул қанатлы дәўирде,
Мен жасайман дөрегип,
Пәрўаз питкен өмирде,
Өз пәтимди үдетип.

Анық жолға түстим бе,
Қыйынлыққа көнемен.
Жеңили жоқ истиң де,
Салмағы бар билемен.

Мына жердиң үстинде
Бәрҳа алға жүремен.
Аўыр жүкти үстимде,
Тик көтерип келемен.

Келер айлар, жыллардан,
Үлкен үмит етемен.
Асыў бермес шыңлардан,
Атлайман да өтемен.

Үстин бәрҳа қум басып,
Жатқан сахра шөлимниң.

82136

Егин еккен тың ашып,
Мәрт азамат елимниң.

Гездим бәлент, пәстинде,
Өскен жерди сүйемен.
Тағдир мениң дәстимде,
Өз бахтыма ийемен.

Айдын жолда сап тартқан,
Көштен қалмай кейинде.
Дәўир маған жүк артқан,
Көтеремен ийинде.

Сом билекке күш питкен,
Жүрген елдиң исинде.
Халқы ушын ис еткен,
Барман мәртлер ишинде.

Жер сырына таныспан,
Гүллендириў еркимде.
Мәрт майданда табыстан,
Таў жасайман ҳәркүнде.

Питкеремен исимди,
Белгиленген мезгилде.
Жеткеремен жүгимди,
Дийдилеген мәнзилге.

*1979-жыл.*

## ҚЫЗЛАРДЫҢ БАХТЫ

Кирпиги оқ атса жүректи гөзеп,
Қызлар шыға келсе салтанат дүзеп,
Меҳир-мухаббаты дүньяны безеп,
Қадди -қәўметине таңлар гүл тақты.

Ўатан ышқы менен жәўлан урады,
Ерлер менен тендей сапта турады,
Мийнет етсе питер мақсет-мурады,
Жеңис сазын шертсе хош болар ўақты.



Ҳаял- қызлар бәрҳа туўры сөзлеген,
Туўры сөзлилерге сырын гизнеген,
Уллы үмитлери бардур гөзлеген,
Келешеги айдын, жоллары жақты.

Қадир-қымбатының парқына жетсе,
Ўападар болыўға усыныс етсе,
Ҳақыйқат жүректен ықласы кетсе,
Кеўлинде шубҳа жоқ, көкиреги ҳақты.

Дийдарлары көзге оттай басылар,
Сөйлесе тилинен дүрлер шашылар,
Қадем қойса шөлде гүллер ашылар,
Кеўли қабармасын, сынбасын сақты.

Бул азат дәўирде жүрген масайрап,
Гөззаллар алдында сөйлең абайлап,
Бәҳәр қуяшындай жүзлери жайнап,
Бәлент болсын ҳаял-қызлардың бахты.

*1979-жыл.*

## ЖЕҢИС КҮНИ

Аса қуралланып ләшкерин үйген,
Бизге урыс ашып өзлери тийген,
Тыныш ана жерге бастырып кирген,
Жаўға қарсы турыў мәртке тән еди.

Бузылмас бирликтиң күшине исенип,
Халық қоллап бойға қуўат-күш енип,
Жаўды шегиндирип, үстине дөнип,
Қан майданда жүрген солдат мен еди.

Душпан оғы тийип жығылғанымда,
Тура алмай еңбеклеп жылысқанымда,
Қансырап, ҳәлсиреп қысылғанымда,
От ишинен алып шыққан сен еди.

Қызыл гүлдей жайнап ысық жүзлериң,
Уллы үмит оты толы көзлериң,
Жазылып кетесең деген сөзлериң,
Жарадарға шыпа, дәртке ем еди.

Топ атылып бомба түсип жарылған,
Хәр адым жеңисли алға барылған,
Гүрес пенен жаўдан қайтып алынған,
Бир сүйем жер тәнде жанға тең еди.

Қаша-қаштан жаў өкпеси сығылды,
Ең изинде өз инине тығылды,
Рейхстаг алынды, туўы жығылды,
Бизлер жеңген бул жеңисли күн еди.

*1979-жыл.*

## МАҚСУДА

Ўатан исинде жүрсең,
Мәрт сөзлисең Мақсуда.
Шәмен ишинде гүлсең,
Гүл жүзлисең Мақсуда.

Күлгениңде көзиңнен,
Нур төгилер Мақсуда.
Сөйлегенде сөзиңнен,
Дүр төгилер Мақсуда.

Дуйым журттың ишинде
Жүзиң ысық Мақсуда,
Мәңги қалар есимде
Сөзиң қызық Мақсуда.

Бизди таныс етипти,
Дослық сезим Мақсуда,
Келипти де кетипти,
Жаслық гезим Мақсуда.

Жиберемен кеўилди
Өз еркине Мақсуда,
Бас иемен әдиўли,
Гүл көркине Мақсуда.

*1979-жыл.*

## БИР БАЙРАҚТЫҢ АСТЫНДА

Ерип таңның желине,
Минип суңқар белине,



Жан-жүрегим сағынған,
Келдим башқурт елине.

Әмиў менен Ақ едил,
Суўы жеткен жери гүл,
Екеўи бир туўысқан,
Егиз қыздай екен бул.

Мәжийт өссе Едилде,
Бердақ өскен Әмиўде,
Исми еки шайырдың,
Жаңғырады бул күнде.

Таўында жел еседи,
Жеринде гүл өседи,
Халқы ушын гүрескен,
Салаўат ер деседи.

Жүрген сахра—дүзде де,
Турған айтқан сөзде де,
Ел перзенти Ерназар—
Батыр болған бизде де.

Көрип билсем халықты,
Тыңлап көрсем тарийхты,
Ата-бабам жайлапты,
Едил менен Жайықты.

Дийдарласып көрмесең,
Қарақалпақ ким десең,
Мен айтайын тәрийпин,
Билип қой сен билмесең.

Тилиң менен тил жақын,
Елиң менен ел жақын,
Сағынып келдим алыстан,
Қушақлайын кел жақын.

Терген нанның усағын,
Өшпес жанған ошағын,
Билип турман башқуртлар,
Досқа ашық қушағын.

Жәннет янлы жериңиз,
Истен қайтпас ериңиз,
Ақ көкирек азамат,
Мәрт екенсиз бәриңиз.

Ақ едилге түсермен,
Ақ толқынын күсермен,
Гөззал башқурт қызының
Қолынан қымыз ишермен.

Тилин билдик тастың да,
Басын қостық достың да,
Бүгин бизлер жасаймыз,
Бир байрақтың астында.

*1980-жыл. Уфа.*

## УФАДА КӨРДИМ

Көзге оттай ысық Ақ едил гүли,
Ҳүсни-жамалына телмирткен мени,
Сонша гөззаллардың ишинде сени,
Қайда көрдим десем, Уфада көрдим.

Күн-түни излер ем Мәжнүн сыяқлы,
Сәрўи қад, қыпша бел, юпқа додақлы,
Ғаз мойын, ақ тамақ, бадам қабақлы,
Қайда көрдим десем, Уфада көрдим.

Қаслары тәкаббил көл қундызына,
Көзлери мегзейди таң жулдызына,
Усас қызды қарақалпақ қызына,
Қайда көрдим десем, Уфада көрдим,

Гүллердей безеген бәҳәр паслыны,
Түнлердей шым қара сүмбил шашлыны,
Оқ жайдай ийилген қыйқаш қаслыны,
Қайда көрдим десем, Уфада көрдим.

Көз алдымнан кетпес сол ай жүзлини,
Әдеп-икрамлы, шийрин сөзлини,
Жилўасы жан алар, қумар көзлини,
Қайда көрдим десем, Уфада көрдим.

*1980-жыл.*



## БУЛАҚ БАСЫНДА

Мен сени ушыраттым булақ басында,
Өзиң де бир гүлге мегзер екенсең,
Көрсе қызар болар адам жасында,
Сен ышқыны кимге гизлер екенсең.

Сен күлимлеп турып мөлдир булақта,
Бир сарқум суў бердиң, шөлим басылды.
Және ишиң деген сестиң қулақта,
Қаўметиңди көрип зейним ашылды.

Таңлар атса көктен қуяш үңилген,
Жүзиң сол булақтың суўындай тынық.
Жылт етип жүрекке нуры төгилген,
Меҳир толы көзиң турыпты тынып.

Уша басы тикке аспанға өрлеп,
Булақ жағасында дарақ өсип тур.
Жасыл жапырақлы шақасын тербеп,
Пәкизе бир салқын самал есип тур.

Сылдырлысы сулыў қыздың үниндей,
Тып-тынық булақтан және суў алдың,
Бәҳәрде ашылған дала гүлиндей,
Мениң көз алдымда сен турып қалдың.

*1980-жыл.*

## ГҮЛ ҚУМАР ЖАНМАН

Мен бир кеўли нәзик гүл қумар жанман,
Дүньяда гүллерди сүйемен жаннан,
Гүлшил екенимди айып көрсе де,
Гүлге бәнт болғанман, безбеймен оннан.

Гүлди сүймегенлер сүймесе болды,
Гүл ышқында жанып күймесе болды,
Мениң оған айтар жалғыз тилегим,
Гүл қумар кеўлиме тиймесе болды.

Себеби қалбимде гүллер өседи,
Гүллерди тербелтип желлер еседи,

Таң сарғайып аста ,ашсам көзимди,
Ең алдын көзиме гүллер түседи

Нәзери, түскенниң аларлық есин,
Гүлде бар гөззаллық, гүлде бар ҳүсин,
Таңлар шуғласында жүз әлийан дөоген,
Гүлди жыйнап турған жаслық деп түсин.

Гүллер ашылғанда жайнап кетермен,
Гүллерди тәриплеп сайрап кетермен,
Дүньяны тәрик әйлеп кетер болсам да,
Гүллерден гүл дәсте байлап кетермен.

*1980-жыл.*

## ПӘКИЗЕ, ТЫНЫШ

Шуғлалар таралар, нур алар жүзлер,
Ағараңлап атар әжайып таңлар.
Суўлар сағымланар, қамасар көзлер,
Алыслар шақырар, булдырар таўлар.

Адамлар өрмелер уша басына,
Пәсте шәмен бағлар шыққа малынар,
Қоллар жан ендирер таўлар тасына,
Ай, күн, жулдызларға жоллар салынар.

Алға баслап барар, келер дәўирлер,
Тыңларға из түсер, шеклер алынар
Жаңа күшлер өсер, тасар кеўиллер,
Сәм билеклер ислер, ерлер таны.

Мезгил күтер, жүеер, ашылар кең жол,
Тәнде күш шынығар, беллер бекинер.
Мийлер ойлар, табыс дәрелер ең мол,
Мәртлер ҳүжим етер, шөллер шегинер.

Бозлар-бостан болар, сақарлар гүллер,
Мийнетлер жумыслар, әкелер ырыс.
Бәрҳа жайнап турар парахат күнлер,
Таңлар ата берер пәкизе, тыныш!

*1980-жыл.*



## ГҮЛДЕЙ ДОЛАНЫП

Мен отырсам бой-сыныңа қаранып,
Сен безенсең, пәрдозланып, таранып,
Әлиптей қаўметин, айдай жамалың,
Көз алдымда турса гүлдей доланып.

Күндиз шықсаң күн телмирер жүзиңе
Түнде шықсаң жулдыз ерер изиңе,
Бул жақты жаҳанның көркисең тәнҳа,
Гөззаллықта ким тең келер өзиңе.

Шөлге қадем қойсаң, шаңы басылар,
Бағқа қадем қойсаң, гүли ашылар,
Жерде жүрер болсаң, жолына сениң,
Көктен гүмис күнниң нуры шашылар.

Көзден таса болсаң, дәртим асқынлар,
Қатарласып жүрсең кеўлим тасқынлар,
Ақ жүзиңнен жүрегиме нур тамса,
Шым қара көзлериң атар ушқынлар.

Күгип турсам, келсең жилўа-наз етип,
Жүрек тарын шерте билсең саз етип,
Сүмбил шашты серпе таслап ыйыққа,
Қыя бақсаң жаным жайнар ҳәз етип.

*1980-жыл.*

## МЕҲИР БУЛАҒЫМ

*(Анам Гүлжәмийлаға)*

Мен бир шопан едим қой бағып жүрген,
Шыжғырған ыссыда табаны күйген,
Аш болған шығар деп изимнен сонда,
Жарма алып келген ананы сүйген.

Қойлар отлар еди дүзди толтырып,
Мен бағып жүрер ем жүзди солдырып.
Жалғыз жүрип далада қой бағыўдан,
Қутылар ем қара гүзди болдырып.

Қысқы боран бослаў көрип ийимди,
Ысқырған аязда қыссам ийинди,

Анам мени тоңбасын деп суўыққа,
Жамап берер еди жыртық кийимди.

Мениң анам Гүлжәмийла гүл еди,
Меҳир нурын төгетуғын күн еди.
"Мениң де бир улы-қызым ер жетсе—
Қолым узаяр,"—деп күтип жүр еди.

Айтқаны болмады, ол кетти таслап,
Бизлер жетим қалдық көзлерди жаслап.
Басымызға түсти аўыр машқала,
Қыйынлыққа көндик сол күннен баслап.

Анам сәни еди үйдиң ишиниң,
Мүлтиги жоқ еди еткен исиниң.
Сол меҳрибан ғамқорымнан айрылып,
Қой-жанлығын бағып өстим кисиниң.

Жаз болса қатты нан тыныш желинбей,
Қыс болса мектепке қатнап еринбей.
Тийип-қашып оқыў оқып аўылда,
Саўат ашып хат танидым ебиндей.

Есим енди, еркин бастым аяқты,
Жүрип көрдим, билдим ояқ-буяқты,
Шопанлықты қоя берип қолыма,
Қалем алдым, таслап қайқы таяқты.

Айдалада жас толтырып көзиме,
Тағдир бурын қой бақтырса өзиме,
Ең изинде шайыр болып жетилдим,
Бул күнлери журт уйыйды сөзиме.

Ҳәзир мен қайрылып қарасам изге,
Көз жиберип турсам балалық гезге,
Үмме-дүмме есип жаслық қыялым,
Ойларым ылағып кетеди дүзге.

Барады баяғы жазық далаға,
Таныс саҳра-шөлге, сайға-салаға,
Отлақлы өристе қой бағып жүрген,
Және гезлесер ме сары балаға?!



Изине ерер ме қозы-ылағым,
Сөзине түрер ме дала қулағын,
Талай жарма тасып, ақ соқпақ еткен,
Дүзине келер ме меҳир булағым?!

*1980-жыл.*

## ТЕМИР ЖОЛ КЕЛДИ

Пияда келер ем, жаяў кетер ем,
Алыс мәнзиллерге зорға жетер ем,
Бир жүйрик пырақты әрман етер ем,
Мениң аўылыма темир жол келди.

Тағдир талайына тиккен ғазабын,
Бурында көп көрген жолдың азабын,
Дәўир тежеп жақын еткен узағын,
Мениң аўылыма темир жол келди.

Өз дизгинин берип мийнет ерине,
Ережеп тентектиң өткен жерине,
Атақлы Шымбайға, Қыпшақ елине,
Мениң аўылыма темир жол келди.

Бул жерде бир дәрбент питер жаңадан,
Совхоз елатларын етер абадан,
Халықтың жүги келер түрли қаладан,
Мениң аўылыма темир жол келди.

Лен順шил партиям берген жол ашып,
Халқымның кеўлинде қуўаныш тасып,
Бүгин поезд өтер иргемди басып,
Мениң аўылыма темир жол келди.

*1980-жыл.*

## ӘМИЎ БОЙЫНДА

Бүлбил болсаң, бәлент лапыз гөзлесең,
Бағларға дус келсең, қонбақ излесең,
Пал ҳәрредей пәрўаз етип излесең,
Дөнип турған гүлмен Әмиў бойында.

Бәҳәр келсе, гүллер термекши болсаң,
Жол жүрсем изиме ермекши болсаң,

Ҳүсни-жамалымды көрмекши болсаң,
Жайнап турған гүлмен Әмиў бойында.

Таңнан турып гөззал шәменге кирсең,
Сениң көз алдыңда мен қулпы дөнсем,
Кирпигим ништердей, кадалса, көнсең,
Көзге ысық гүлмен Әмиў бойында.

Түнлерди тәрк етсең, кетсең ауысып,
Жүрек тарын шертсең зейниң алысып,
Күтип турсаң шыдамыңды тауысып,
Ашылған бир гүлмен Әмиў бойында.

Гүмис шықтай жапыраққа қызсаң да,
Ҳәм талабан болып жұрттан озсаң да,
Кеўлиң талўас етип қанша созсаң да,
Қолың жетпес гүлмен Әмиў бойында.

*1980-жыл.*

## АББАЗ ШАЙЫРҒА

Ой жиберген дүр кәнине,
Кеўил бөлген сөз мәнине,
Әдебият шәменине,
Питкен бийик шынар еди.

Қолға қалем алса йошып,
Мийнет ерин жырға қосып,
Егер ол оқыса қосық,
Журт силтидей тынар еди.

Көрсетип өнердиң күшин,
Тәриплеп мәртлердиң исин,
Жаңғыртып заллардың ишин,
Қосық оқып турар еди.

Өзи сыйлы, сөзи сайлы,
Зейни илгир, тили майлы,
Әңгиме шайырға пайлы,
Сөзи халыққа унар еди.

Дийдар несип, көрип жүзин,
Ҳүрмет етип сыйлап өзин,



Халық сүйип шийрин сөзин,
Тыңламаға қумар еди.

Ҳасыл мийрас нусқасына,
Сөздиң шебер устасына,
Жаслар сүйген устасына,
Ҳүрмет-иззет қылар еди.

*1980-жыл.*

## СИЗ ӘДИЎЛИ АНАСЫЗЛАР

Даңқы гезген дүнья жүзин,
Байрам күнициздe сизиң,
Шайырдың қутлықлаў сөзин,
Жыллы күтип аласызлар!

Қулпы дөнсе бәҳәр гүли,
Еситилсе шадлы үни,
Келсе қутлы байрам күни,
Шады-қуррам боласызлар.

Қыздың көрки әдебинде,
Ҳәр бир қойған қәдеминде,
Арзыў-әрман шәменинде,
Жайнап турған лаласызлар.

Ел жумсаса иске жоллап,
Ушасызлар қанат қомлап,
Уллы Ўатан мәпин ойлап,
Тереӊ ойға таласызлар.

Жүзлериниз гүлдей болып,
Сөзлериниз дүрдей болып,
Ерлер менен бирдей болып,
Иске ғайрат саласызлар.

Отырғызып төримизде,
Ҳүрметлеймиз бәримизде,
Сизлер, көкте, жеримизде,
Жулдыз болып жанасызлар!

Көкке ушқан ерлик жасап,
Бәриң Валентина усап,

Коммунизм көшин баслап,
Алға жүрип барасызлар.

Халықтың исенимин ақлап,
Дәуирдиң ағымын бақлап,
Парахатшылық исин жақлап,
Дүньяға жар саласызлар.

Жол ортада болмас дилгир,
Ақыл, пәмли, зейни илгир,
Истиң көзин тапқыш, билгир,
Тынып турған данасызлар.

Созған ҳәмме жүрген изди,
Шын кеўилден сүйген сизди,
Дүньяға келтирген бизди,
Сиз әдиўли анасызлар!

*1981-жыл.*

## ҮСТИРТТИ ИЗЕРТЛЕЎШИГЕ

Жаўын жаўса жердиң жүзи жууўылар,
Мийнет етсе қаҳарманлық туўылар,
Ҳүжим етсе қум шегинер, қуўылар,
Шөлди бостан етиў мәртлерге дәстүр.

Ер туўылса ели ушын ис етер,
Бел буўылса билеклерге күш питер,
Жең түрилсе, жеделленсе ис күтер,
Сени күтип турған ийгилик исдур.

Қарап турсаң жердиң бәлент-пәстине,
Нәўпир суў, техника тийсе дәстине,
Топырағын изертлеп Үстирт үстине,
Өсимлик өстирсең гүллерди өстир.

Нардай шөгип жатпай жазсын дизесин,
Түргелсин, силкинип қаддин дүзесин,
Сахраны жайнатып үстин безесин,
Тәбият гөззалы гүллерди өстир.

Бозда қызғын мийнет сазын жаңлатып,
Қырда қызғалдаққа ғумша байлатып,
Сәҳәр ўақта бағда бүлбил сайратып,
Таңда пәкизе бир самаллар естир.

*1981-жыл.*

## КЕТТИҢ

*(Социалистлик Мийнет Қаҳарманы, аты аңызға айналған врач Оразымбет аға Халмуратовтың естелигине)*

Дүньяға келиўдиң кетиўи де бар,
Қызықлы күнлердиң өтиўи де бар,
Ойлаған ойлардың питиўи де бар,
Халқыңның хызметин питкерип кеттиң.

Күшиңди сарп етип емлеў исине,
Жеткенше асығып наўқас кисиге,
Машина жоқ жерде елдиң ишине,
Дәри-дәрмағыңды бөктерип кеттиң.

Доктор деген исенимди ақлаўға,
Күшти жумсап кеселликти саплаўға,
Халқымыздың ден саўлығын сақлаўға,
Медик кадрларды жеткерип кеттиң.

Инсанға көпсинип өмир сүриўди,
Әжел пәнже урса қысып жүримди,
Арашалап, узақ созып өмирди,
Гейде өлимге де пәнт берип кеттиң.

Кеселин анықлап, емин бергизип,
Аўыр кастелерге диңке енгизип,
Бир көринсек болар еди дегизип,
Халыққа қадириңди өткерип кеттиң!

*1981-жыл.*

## БИЗИҢ АРМИЯ

Мәртлер жаўға қарсы буўғанда белин,
Беккемлеп қорғаўға жас совет елин,
Армияны дүзген сәрдары Ленин,
Ленинге миннетдар бизиң Армия.

Ленин идеясы сиңген санаға,
Ўақтында ант берген уллы данаға,
Әлпешлеп өсирген ўатан-анаға,
Исенимли қорған бизиң Армия.

Қай ўақ керек болса, сол ўақ тақ болып,
Шегараны бағып турған сақ болып,
Жеңип киятырған иси ҳақ болып,
Қудиретли күш бул бизиң Армия.

Мәртликтиң кәмарын бууўып белине,
Душпанды келтирмей елдиң шетине,
Күшине толысқан Совет елине,
Күни-түни қалқан бизиң Армия.

Даўыллы күнлерде дүньяға келди,
Қорғады адамды, гияны, гүлди,
Биз жасап атырған парахат күнди,
Қорғайды қырағы бизиң Армия.

Ел қорғаў миннетли,әдиўли иси,
Егер ел шақырса, таяр ҳәр киси,
Гүресте шыныққан қуралы, күши,
Тынышлық тиреги бизиң Армия.

Қуралында күш бар, туўында саўлат,
Жүрегинде от бар, билекте ғайрат,
Сонда да ҳеш кимге етпейди айбат,
Өз елин қорғайды бизиң Армия.

Қызыл байрағында балға, орағы,
Шегарада сақшы қолда жарағы,
Күни-түни сергек көзи қырағы,
Өзи баҳадыр мәрт бизиң Армия.

Бес жулдызы жайнар күнниң нурында,
Ўатан берген қурал беккем қолында,
Алға жүрген коммунизм жолында,
Қатары нығайған бизиң Армия.

Азатлық тәрептарын ертип изине,
Дос болса кеўилин тартып өзине,



Татыўлықты айтып дүнья жүзиче,
Тынышлық тиледи бизиң Армия.

*1981-жыл.*

## ДОСТЫМ РАМЗГЕ

Рамз достым, алпыс жыллық тойыңа,
Сәлем алып келдим Арал, Әмиўден.
Жүрекке йош, пәрўаз питсин ойыңа,
Бахытлы күнлерден, шадлы дәўирден.

Көп сәлем жоллады қарақалпақлар,
Халқымның атынан қушақлайын, кел.
Сөзиңди, өзиңди ҳәмме ардақлар,
Қосық, дәстаныңды сүйип оқыр ел.

Сәлем айтты Шымбай, Қоңырат қаласы,
Қосығыңа қумар кеўиллеринен.
Бүгинги Бозатаў, Қырққыз даласы,
Жазсын деди жаңа дәўирлеринен.

Мәжилислерге кирип барса, сөз берсе,
Шайыр деген халықтың сөйлер сөзидур.
Қыял сүрип алға нәзер жиберсе,
Оның келешекти көрер көзидур.

Илҳам перисиниң сайылы болып,
Түнлерди тәрк етип күттиң келиўин.
Халқыңның сүйикли шайыры болып,
Таза бахтын жырлап таптың кеўилин.

Қырқ жыл бойы қәлем тербеп келесең,
Шийрин сөзли шайырсаң, журт айтқандай.
Алпыс жаста жигиттейсең еле сен,
Қызлар көрсе, сүйип алма атқандай.

Ана тәбият сыйлап зор талант питкен,
Шайырлар ишинде орның бир бөлек.
Сөз гәўҳарын терип қосық дөреткен,
Қырқ жыллық хызметиң болсын мүбәрек.

Йошып турсаң умтыла бер алдыңа,
Тоқсан, жүзге жетип барсын қәдемиң.

Талант берген ўатанына, халқына,
Хызмет ете берсин қолда қалемиң.

*1932-жыл.*

## ХАЛҚЫМ МЕНИҢ

Келешекти көретуғын
Гәўҳарысыз көзлеримниң,
Журтқа айтып беретуғын,
Жалғасысыз сөзлеримниң.

Желкилдеген жериңизде
Мен бир жанлы гүлиңизбен,
Ықтыярым өзиңизде
Көтериңки үниңизбен.

Саҳра-шөлди бостан етер,
Қудиретли күш қолымда,
Мийнет сазы жаңлап кетер,
Ийгиликли ис жолында.

Алға шыйрақ қадем таслап,
Жүрмесем кең далаңызда,
Қолға қағаз, қалем услап,
Көринбесем араңызда.

Мени еске алатуғын,
Қарақалпақ халқым мениң,
Меннен соңға қалатуғын,
Ҳәрбириңиз даңқым мениң.

*1982-жыл.*

## ХОШ ЕТИЎ УШЫН

Жақтыға умтылып жетискен түннен,
Қуяштай илесип таңның нурына.
Әўелҳа анадан туўылған күннен,
Адам атын алған инсан улына.

Өмир берилмейди жасаў ушын тек,
Өмир бериледи дөретиў ушын.



Дуньяға келдиң бе, ақыл, күшти жек,
Жаҳанды жайнатып гүл етиў ушын.

Дақылсыз қалдырма ана жерди бос,
Инсанды абадан, тоқ етиў ушын.
Тынышлық исине үлесиңди қос,
Урыс қумарларды жоқ етиў ушын.

Иплас бомбасына асыла шығып,
Урынған халық жазын қыс етиў ушын.
Жаўызды өзиниң гөрине тығып,
Тепкиле, нийетин пуш етиў ушын.

Адам бахты ушын қырағы гүрес,
Халықларды халықларға дос етиў ушын.
Парахат күнлердиң шадлығын үлес,
Кеўиллерди жәмлеп хош етиў ушын.

*1982-жыл.*



## БАЛЛАДАЛАР

### ҚАН ТАМҒАН ҚАЙЫҢ

Бизиң ел таң ели сәўлели, жақты,
Өз нурын әлемге шашып тур еди.
Тыныш өмир сүрип дәўлети, бахты,
Кем-кемнен толысып тасып тур еди.

Саўлаты жаҳанның кеўилин тартып,
Көркейип, гүлленип өсип тур еди.
Аўыз биршилиги, қуўаты артып,
Даңқы шығып, көзге түсип тур еди.

Жүзине нур төгип бахыт қуяшы,
Өзи атқан таңға усап тур еди.
Жеринде желкилдеп мийнет гиясы,
Парахат турмыста жасап тур еди.

Тынышлықты бузып басқыншы Гитлер,
Кирип келди, салды қанлы пәнжесин.



Бизиң ер жүрекли, баҳадыр мәрглер,
Ўатан ушын қалқан етти геўдесин.

Жеңилмеймиз, биз жеңемиз гүресип,
Елди қорғаў ўазыйпамыз, салтымыз.
Бир адамдай ҳәмме бирден гүўлесип,
Жаўға қарсы көтерилди халқымыз.

Менде солдат болдым, түстим саўашқа,
Бир сүйем жер ушын тиктим жанымды.
Суў кештим, от кештим қырғын саўашта,
Алыстым, атыстым, төктим қанымды.

Жараланып жаттым орман шетинде,
Маған пана болды қайың, қарағай.
Кейин қарай жылжығаным есимде
Жаў тәрептен жаўған оққа қарамай.

Таса-таса менен жылжыйман әсте,
Душпан тоқтар емес атыптур еле
Төбеси аспанда, тамыры пәсте,
Бир үлкен қайыңға сүйендим келе.

Мен де жаралыман, ол да жаралы,
Оны да урыстың өрти шалыпты.
Жазда жайнап турған салқын саялы,
Шақасы оқ тийип сынып қалыпты.

Батыстан атылған от болып өртеп,
Снарядлар сындырса да белинен.
Шақасын душпанға қылыштай сермеп
Қозғалмай тур екен өскен жеринен.

Самал болса жапырағы сытырлар.
Тәбият гөззалы питкен қалыңға.
Геўдеде шықпаған жаным тыпырлар,
Қаным тамып турды сол ақ қайыңға.

Мени ол сүйеп тур, сүйенип турман,
Оннан қуўат алып жигерим тасты.
Көринди батырдай оқ атып турған
Оның мәртлигине ийемен басты.

Мен кеттим белгилеп қайың орманын,
Аппақ қабығында қан қалды кеппей.
Бул жерде үлкен бир сaўаш болғанын,
Сөйлер әўладларға ол өшип кетпей.

Жаўды шегиндирип ўатан-ана да,
Азатлық урыстың ең қызған ўағы.
Азғана емленип шыпаханада
Аўыр жарахаттан саўалдым тағы.

Саўашқа киргенде ўатаным сеннен,
Күш алдым, қорқыўды билген емеспен.
Бирде көкиректен, бирде желкемнен,
Жарадар болсам да өлген емеспен.

Урыс питти, өскен шығар қайың да,
Сөйлегенди қабыққа қан қатқанын.
Ҳәм айтып бергенди ол өз жанында
Бир солдаттың жаўды гөзлеп атқанын.

Мен еле солдатпан, қуралым қолда,
Керек саатында жетип бараман.
Қандай қыйыншылық болса да жолда,
Бәрин бузып, жарып өтип бараман.

Сол саўашлы жыллар өтип кетсе де
Меннен сорай бериң урыстың жайын.
Тәндеги жаралар питип кетсе де,
Еле көз алдымда қан тамған қайың.

### ШОҚ ГҮЛ

Өзим пайыў-пияда
Көзим аўыл жолында.
Киятырсам қыяда,
Таяғы бар қолында.

Бир ғаррыға гезлесип,
Келе бердим жол жүрип,
Ҳал сорасып, сөйлесип,
Жолды кем-кем өндирип.

Бул ғайбана кисиниң,
Ысық екен жүзи де,
Мултиги жоқ сөзиниң,
Дилўар екен өзи де.

Көргени де көп екен,
Билгени де бир талай,
—Алдымыз гил шөп екен,—
Деди маған, —жүр былай.

Ол жол баслап. мен ерип,
Жүрип кеттик бурылып,
Сөзлерин ықлас берип,
Тыңлаўдаман қунығып.

Бул жерлерде не болды,
Өткенлерди сөз етип,
Қысқартып узақ жолды,
Гүрриңимиз тезлетип.

Киятырмыз иркилмей,
Кеңий түсип тар соқпақ,
Батыл болған жан жүрмей,
Тек сүлдери бар соқпақ.

Бийикке ийек артып,
Ийретилген жыландай,
Буранлар ушын тартып,
Сүйретилген арқандай.

Көтерилдик төбеге,
Төслеримиз кайқайып,
Төк таўындай төбе де,
Гәрдийеди шалқайып.

Еседи бир тынбастан,
Жаздың салқын самалы,
Әтирапын қум басқан,
Қуп-қуў бунық жамалы.

Шал сүйенип таяққа,
Көкиректи жел керип,
Шаршап келген аяққа,
Отырыпты дем берип.

Сергитип сәл кеўилди,
Биз отырсақ усында,
Тағы төбе көринди.
Булдырап көз ушында.

Зеңирейген зиңкийип,
Төбеден түссек төменге,
Торапғыл тур бип-бийик,
Усаған үлкен еменге.

Соқпақ онған айланып,
Түсти гөне аңғарға
Ғарры сәл-пәл қыйланып,
Өрмеледик тик жарға.

Аржағы тегис тақыр,
Торапғыл қалды изде,
Алда даңғыл жол жатыр,
Жүрип келемиз биз де.

Мийдей дала, жап-жазық,
Жатыр тыныш көсилип.
Қумлы жерди жел қазып,
Гүрер гейде есирип.

Ессе ерке самалы,
Қуў қаңбақты қаңғытып.
Кең даланың жамалы,
Саргайыпты шаң жутып.

Безеп турған даламды,
Ақсар, ақбас, жантақлар.
Көрмегендей адамды,
Бизге қарап жалтақлар.

Жыңғыл шығып үстине,
Көлбеп жатқан ақ қумшық,
Үркип аяқ сестинен,
Дүрлеп ушты көп шымшық.

Ушып-қонып атырған,
Көз айырмай шымшықтан,



Жолда кесе жатырған,
Асып түстик қумшықтан.

Жайпаўытлы, жыралы,
Алды терең сай екен,
Аңлыспалы, қырағы.—
Көзден таса жай екен.

Қула дүзге қарасам,
Бунда бурын жоқ гүл тур.
Көзге ысық орасан,
Бир әжайып шоқ гүл тур.

Ҳайран қалып көз тиктим,
Өскен жери қуў майдан,
Дедим жуўабын күттим,
Дөнип турған гүл қайдан?!

Сонда ғарры ашына,
Деди:—сырлы бул тақыр,
Жас қыршының басына,
Өсип еди гүл пақыр.

Буның әпсанасы көп,
Таўсылмас узақ сәббе.
Тыңласаң айтайын деп
Ғарры киристи гәпке:

—„Жаңалықтың жаўы, көп,
Аласапыран сол жыллар,
Болып турды даўы көп,
Талай қанлы қырғынлар.

Ол ўақта жас жигитпен,
Әйне толған күшине,
Шын берилип жүриппен,
Әдил совет исине.

Муғаллиммен, елимниң,—
Оқытаман ул-қызын,
Жайнатсам деп билимниң,
Ең бир жақты жулдызын.

Сана куйдым кеўилге,
Бар уқыпты сарп етип.
Саўат ашып өмирге,
Жаслар шықты жарқ етип.

Олар жаңа турмысқа,
Жаңаша көз таслады,
Үлги болып жумыста,
Халықты ерте баслады.

Түсиндирип ҳәрбирин,
Жаңаға көш деп айтты.
Енди елдиң тағдирин,
Өзлериң шеш деп айтты.

Бул бир молла кисиге
Унамады, жақпады,
Динсизлер деп исине,
Ишинен кек сақлады.

Бирли-жарым еле де,
Терис пикирдиң бар гези.
Гей бириниң және де,
Әжеп тәўир минези.

Соны тапты сум молла,
Зарын айтты шағынып.
Қысып атыр бәрқулла,
Жүремиз бе бағынып?!

Күн көрсетежақ емес,
Диннен безген гил динсиз,
Күтип турар ўақ емес,
Неге қарап жүрмиз биз?

Мен молла, сиз Абатбай
Үстем болды аш-арық.
Әй-пәйице қаратпай,
Жиберер журт аўдарып.

Аўылда жүр есирип,
Гилең қызыл белсенди,



Аштың кеўлин өсирип,
Үзер сениң еңсенди.

Оннан бурын қыймылдап,
Бир исласын көрейик,
Сөзин жөнлеп жалпылдап,
Ығын шалып жүрейик.

Солай етип өзимиз,
Тың-тыңлайық ақырын.
Мақул болса сөзимиз,
Ис қылайық жасырын.

Десип түби шийкилер,
Тил табысып пәмлесип.
Еки жүзли түлкилер,
Бас қосыпты жәмлесип.

Пирман молла, Абатбай,
Бас болып бул топарға,
„Алла бизди жубатқай",
Деп шығыпты сапарға.

Босастырмай жеделли,
Қанлы қолы дирилдеп,
Белсендимен деген ди,
Аңлый берди биримлеп.

Қара түниң бөриси,
Бай баласы Муратбай.
Ески заман еркеси,
Жаңа жолды унатбай.

Тайған бахты тур езип,
Өш алыўдың жолында.
Жүрди талай ел гезип,
Алмас пышақ қолында.

Усындай бир күнлерде,
Буйра шашы желкилдеп.
Байды түйреп минберде,
Нурым турды сөз сөйлеп.

Ҳәр бир сөзин көп пенен,
Муратбай да тыңлады.
Өшпенлилик кек пенен,
Иши оттай ғыжлады.

Қолыма бир түсерсең,
Ҳәссений деп гижинди,
Пайытын таўып кесермен,
Тақылдаған тилиңди.

Қолда жалт-жулт етеди,
Алмас пышақ қыл жалап,
Қурдан шығып кетеди,
Еки көзи қанталап.

Тарқағансоң мәжилис,
Үйге қайтқан кеш қурын,
Болажағын ғапыл ис,
Аңламапты жас Нурым.

Кең даланың ишинде,
Кере таслап қәдемди,
Жаздың салқын кешинде,
Толқынлатып әлемди.

Келер Нурым бир өзи,
Тик көтерип ыйықты,
Шалып кеткен сәл көзи,
Силтенген бир тыйықты.

Бул да урған пышақты,
Жүрегиниң тусы деп,
Ол да урған пышақты,
Өлер жериң усы деп.

Гә умтылып, гә қашып,
Қол силтесе дәл тийген,
Пышақласып, айқасып,
Бирин-бири өлтирген.

Нурым батыр өлерде;
Жаўын басқан астына.



Үстемлигин сол жерде,
Көрсеткен ол қастына.

Қазба өзиң қулайсаң,
Деген сөздиң жөни бар.
Урма өзиң жылайсаң,
Деген гәпте мәни бар.

Дәрья ағар булкынып,
Кенарынан суў тасар,
Өз-өзинен урнығып,
Ойнақлаған от басар.

Дәслеп пышақ силтеген,
Қара жүрек төкти қан,
Жана бахты гүлленген,
Мәрт биймезгил берди жан.

Аяўлы ер Нурым жас,
Усы жерге қойылды,
Муратбайдың бизге қас,
Көзине қум қуйылды...

Өтти күнлер, ҳәптелер,
Жыллар өтти бир қанша,
Келди және бәҳәрлер,
Жайнап кетти гүл-ғунша.

Ҳақ қан төгилген жерге,
Гүл көгерди барқ урып.
Қанқор көмилген жерге,
Шеңгел шықты ғаўқыйып.

Гүл Нурымның жаслығын,
Еске салып турыпты,
Шеңгел сум өз қаслығын,
Ислепти де қурыпты,

Қыршын кеткен жас жанға,
Естеликтей шоқ гүл бул
Сол мийримсиз душпанға,
Дәл атылған оқ гүл бул!

Қастерлейди оны ел!" —
Деп көрсетти гүл бетти,
Желпип ескен жипек жел,
Гүл шақасын тербетти.

Тәрийпленген ер иси,
Таўсылады әңгиме.
Шоқ гүл жаслық белгиси,
Күлпирады мәңгиге!

---





## ПОЭМАЛАР

### БАҲАДЫР ҲӘМ ДАНА

*(Халық ертеги бойынша)*

Ким көрген дейсең өзлерин
Тыңласам ертек сөзлерин.

Бурынғы өткен ўақларда,
Шөли-биябан жақларда.

Өмир сүрипти бир киси,
Қылаплық пенен жоқ иси.

Жарлы болыпты, айыбы
Татыў турыпты зайыбы.

Екеўиниң жаны-тәни,
Өмириниң көрки-сәни,

Көзиниң ағы-қарасы,
Бар екен жалғыз баласы.

Баҳадыр екен исими,
Ҳүрметлеп сыйлар кисини.

Суп-сулыў өзи сымбатлы,
Ақыллы, сөзи қымбатлы.

Ашық минез, ақ кеўилли,
Адамға ғамқор мийримли.

Ержетип өсе берипти.
Көзге де түсе берипти.

Пошшаның көкте саз үни,
Шыжғырып турған жаз күни.

Күйдирип күнниң қуяшы.
Жарлының жалғыз баласы.

Киятыр еди жол жүрип,
Жол жүрген сайын мол жүрип.

Гезлести жолда бир ғарры,
Кийими жыртық кир, ғарры.

Ийнинде аўыр жүги бар,
Тырмышлап таңған жиби бар.

Маңлайы жерге ийилген,
Табаны тасқа тилинген.

Баҳадыр буны көрди де,
Қасына жақын келди де.

Ғаррыға жәрдем көрсетти,
Сөйтип саўаплы ис етти.



Арқасынан жүгин алды,
Өз ийнине қағып салды.

Ғаррының изине ерди,
Үйине апарып берди.

Баланың ҳүрметин көрип,
Бабаның баўыры ерип.

Сыйлап алтын жүзик берди.
Және оған былай деди:

— Әлпешлеп өсирген сени,
Ата-анаңа бер буны.

Олжалы болып сүйине,
Баҳадыр келди үйине.

Сәлем берип атасына,
Қуллық етип анасына.

Алдында басын ийеди,
Алтын жүзикти береди.

Қуўанысып алысады,
Көрип ҳайран қалысады.

— Жарқылдап турған кеми жоқ,
Баҳалы сыйлық теңи жоқ—

Деп мақтаўын асырады,
Жат көзлерден жасырады.

* *
*

Енди Баҳадырға келсек,
Оның ҳал-аўҳалын билсек,

Сол күннен баслап өзине,
Келмеди уйқы көзине.

Кетирген есин, ақылын
Жүзикти алып ақырын.

Хеш бир нәрсе жоқ ойында,
Отырып айдың нурында.

Қызығып қарай баслады,
Жулдызлар тарай баслады.

Ҳәм бирден турған гүл жанып,
Айнадағыдай ап-анық.

Көрди ол сулыў сарайды,
Көзлерин тигип қарайды.

Гүлленген бағдың ишинде,
Бүлбиллер сайрар кешинде.

Баҳадыр серлеп қараса,
Ақ талға ийни жанаса.

Отырған салқын саяда,
Бой-сыны хүрден зыяда.

Көреди гөззал бир қызды,
Көзлери жанған жулдызды.

Жигитте ақыл қалмады,
Жүзиктен көзин алмады.

Ал, қыз да буны сезгендей,
Жигитке жанын үзгендей.

Қарайды күлип көзлери,
Гүллердей жайнап жүзлери...

* * *

Әл қысса әне сол күнде,
Тыныш ҳәм дарқан бир елде.

Ҳақ кеўил, сақый өзи де,
Халқына жаққан сөзи де.

Бир әдил патша бар екен,
Атын да Асқар дер екен.



Келискен ўақты исиниң,
Әне сол патша кисиниң.

Суп-сулыў ғана өзи жас,
Өкшеге түсер қолаң шаш.

Қызы бар Дана исими,
Хүрлерге мегзер пишини.

Бир күни сарай ишинде,
Жатырса Дана, түсинде.

Келискен қадди-қаўмети,
Көреди жап-жас жигитти.

Алған әбден ақыл-есин,
Анасына айтты түсин.

Кеўил бөлмей ана буған
Алаң болма деди оған.

— Қызым, бул бир түс ешейин,
Умытылып кетер кейин.

Қыз уқпас ана үгитин,
Умытпас көрген жигитин.

Буның да барды лийкини,
Кеш болса болды ҳәр күни.

Уйқыға кетер гезинде,
Сол жигит болып есинде.

Сыр саклап журттың-көзинше,
Сөйленер қыз ҳәм өзинше.

— Пуш етпей биреў үмитти,
Тағы бир көрсем жигитти.

Деў менен уйықлап кетеди,
Көриўди әрман етеди.

* *
*

Баҳадыр болса сол түннен,
Баслап ол азды күн-күннен.

Айрылды ақыл-есинен,
Ойлайды қызды ишиннен.

Сөзлерге қулақ салмайды,
Жүзиктен көзин алмайды.

Тыныш кетип ҳәр күни,
Ақыры болмай бир күни.

Жанын үзер баласына,
Ғарип ата-анасына.

Зорға тауып қолай пайытты,
Ол келип тилегин айтты.

— Мен болсам күшиме толдым,
Жас емеспен, жигит болдым.

Келсемде усынша жасқа,
Мен көрмедим елди басқа.

Енди сиз жууап бериңлер,
Ел көриуге жибериңлер.

Тыңлай берсе узақ сәббе
Күтилмеген мына гәпке.

Ата-ана ҳайран болды,
Иши-бауыры гиряи болды.

— Зор берип еки аяққа,
Барасаң улым қаяққа?

Баҳадыр сонда көрсетти,
Алыста қарлы тау бетти.

Сол жаққа қолын шошайтты,
Ҳәм өзи былай деп айтты.



Болыуы мүмкин сол жерде,
Көрмеген бурын ҳеш бенде.

Нур шашып турған удайы,
Патшаның алтын сарайы.

Сол сарайдың ишинде,
Бир қыз бар пери пишинде.

Мен соған талап етемен.
Жууап бер жүрип кетемен.

Таң қалысты мына сөзге,
Ата-ана не дер өзге.

Айтқанын мақул тыңлады.
Улының кеўлин жықпады.

Хошласар уақыт келди деп,
Көрсең көр басқа елди деп.

Әкеси алып үйинен,
Жасырып қойған жеринен.

Өткир бир қылыш услатты,
Улына былай сөз қатты:

— Қылышты қолға ал балам,
Сөзиме қулақ сал балам.

Турыпты жүзи қыл жалап,
Бурыннан бизде бул жарақ.

Атадан өтип балаға,
Жүрипти еки арада.

Беккем бол буған бул өзи,
Жай қылыш емес тек мәзи.

Жарақтың кескир қудайы,
Қорғады қылыш удайы.

Тек ғана сақый кисини,
„Ҳақ кеўил, әдил кисини,—

Деди де әке баласын,
Иркиўдиң таппай шарасын.

Пәтия берип қалады,
Узатып жолға салады.

Баҳадыр кете береди,
Күнлер де өте береди.

Шөлден де асып барады,
Көлден де асып барады.

Изде де қалып кетеди,
Дүзде де қалып кетеди.

Таңда да алға жүреди,
Шаңда да алға жүреди.

Жоллары тас та болады,
Тамағы аш та болады.

Көзине шаңлар толады,
Ай жүзи гүлдей солады.

Кийимин шөплер иледи,
Табанын таслар тиледи.

Жолдас жоқ ерген қасына,
Ел гезген жигит басына.

Қыйынлық түссе көнеди,
Азабын жолдың көреди.

Жалғызлық жанын езеди.
Сонда да шыдап төзеди.

Жигитти сынар жыйын ғой,
Ашықлық дәрти қыйын ғой.

Мәнзилин гөзлей береди,
Ашығын излей береди.



Жүреди жолда шаң жутып,
Алады талай таң күтип .

Дәрьяны гейде жағалап,
Бағларды гейде аралап.

Жүргенде ойы шатасып,
Кеткенде гейде адасып.

Үмити алға баслаған,
Исеним менен таслаған.

Қадемлер жолға салады.
Адамлар жолға салады.

Гүўлесер ескен самаллар,
Гезлесер саҳипжамаллар.

Қарамас бир де бирине.
Гөзлеген ярдың елине.

Жол силтер сайрап бүлбиллер,
Жол силтер жайнап жас гүллер.

* * *

Өтеди күнлер арадан,
Еситиң сөзди Данадан.

Күнлердиң сол бир күнинде,
Сулыў қыз Дана жөнинде.

Хабарлар тарап кетеди,
Қоңсы бир ханға жетеди.

Ол ханның улы бар екен,
Өзи бир пәмсиз жан екен.

Сол ушын сол хан Данаға,
Жаўшылар салып араға,

Үйлендирмекши болады,
Бул ойы оған унады.

— Сәтине түссе усы ой,
Бул өзи бахыт қусы ғой.

Изинде қалмай күлкиге,
Патшаның малы, мүлкине.

Ийелиқ етсем,—дейди хан,
Усының ғамын жейди хан.

Биракта Дана сол күнде,
Еситип жаўшы жөнинде.

Ғазеби қайнап бойында,
Баҳадыр болып ойында.

Қол созған күнниң нурына,
Сол ханның пәмсиз улына.

Тиймейтуғынын айтады,
Жаўшылар қуры қайтады.

* * *

Өтеди күнлер гүманлы,
Төбеси қарлы, думанлы.

Баўырында таўдың бип-бийик,
Минары тип-тик зиңкийип.

Сән берип турған далаға,
Әжайып, үлкен қалаға.

Асығып адым урады.
Мәнзили алыс турады.

Баҳадыр жолда көп жүрди,
Жолықтыр ярға деп жүрди.

Бир күни ерте сәҳәрде,
Киргенде келип шаҳарге.

Өзинен-өзи ҳаўлыққан,
Даўысты тыңлап жар салған.



„Адамлар қулақ салыңлар,
Жақсылап тыңлап алыңлар.

Тутыңыз есте ҳәммеңлер,
Еситпей қалдым демеңлер.

Сатқынлық етип қоңсы хан,
Бизге қарсы урыс ашқан,

Көтерил бәрше халайық,
Қаланы қорғап халайық"...

Жаршыда сөзин таўысты,
„Көтерил" деген даўысты.

Баҳадыр тыңлап турды да,
Саўашқа өзин урды да.

Патшаның ләшкерлерине,
Қуралды әскерлерине.

Қосылып гүрес жүргизди,
Мәртлерге билек түргизди.

Басқыншы жаўыз хан менен,
Алысты арсыз жан менен.

Бойына қуўат жыйылды,
Ләшкери ханның қырылды.

Шетнен баўдай сулатты,
Душпанның туўын қулатты.

Қылыштан өтти көп батыр,
Денесин қушып жер жатыр.

Ғоддаслап кирген саўашқа,
Батырлар өлди саўашта.

Таўсылып деми, ҳәллери,
Далада қалды тәнлери,

Ләшкери ханның шегинди,
Шегинбей қайтсин, жеңилди.

Патшаның ләшкерлериниң,
Ер жүрек әскерлериниң.

Күшейткен аўыз бирлигин,
Баҳадыр мәртгиң ерлигин.

Жеткизиў қыйын сөз бенен,
Көрипти патша көз бенен.

Жигитке кеўли толады,
Исине ырза болады.

Питкерип қыйын бул исти,
Киргизип қолға жеңисти.

Көз таслап қанлы далаға,
Қайтады патша қалаға.

Шәҳәрге келген ўақтында,
Отырып алтын тахтында.

Батырды тап деп буйырды,
Шабарман зырлап жуўырды.

Еркине оның қарай ма,
Тез алып келди сарайға.

Ерлигин көрип таң қалып,
Жүр еди патша сер салып.

Батырға келген алдына,
Тикленип қарап алды да.

— Әй жигит өзиң кимсең сен,
Қай елден келип жүрсең сен?

Бул жақта не кәр қыласаң,
Ҳәм кимниң улы боласаң?

Саўашта ерлик көрсеттиң,
Жаў жеңдиң, жақсы ис еттиң.



Енди мең соны өтейин,
Кеўлиңе сениң жетейин.

Ҳүрметлеп, сыйлап күтейин,
Не десең тайын етейин.

Ат-тон сарпай жабылады,
Барлық нәрсе табылады.

Сора меннен керегиңди,
Орынлайман тилегиңди...

Дегенде қарап жүзине,
Исенип мына сөзине.

Жас жигит сырын жасырмай,
Сөзлерин ҳәттен асырмай.

Мәнзилден мәнзил жол жүрип,
Күн-түни тынбай мол жүрип.

Шөллерде қалып кеткенин,
Бар күшин сарп еткенин.

Таўлардан асып өткенин,
Ақыры бунда жеткенин.

Жүзиктен көрип бир қызды,
Дүньяны гезип сол қызды.

Табыўды гөзлеп келгенин,
Гөззалды излеп келгенин.

Патшаға баян етеди,
Мақсетин аян етеди.

Түсинип сырлы сөз изин,
Шақыртып алды өз қызын.

Дана қыз кирип келиўден,
Баҳадыр оны көриўден.

Бир-бирин танып қалады.
Есинен талып қалады.

Патша ҳайран буны көрип,
Кеўли босап, баўыры ерип.

Тутып баста айтқан сөзин,
Баҳадырға берди қызын.

Сарайға жыйналды халқы
Тарап кетти тойдың даңқы.

Даўам етти қырық күн, қырық түн,
Усы тойға қырқыншы күн.

Қоңсы елдиң ханы келди,
Иши қара жаны келди.

Қуўып тыныш ата жолын,
Созған болды дослық қолын.

Ол, ҳақыйқат ис жүзинде,
Душпанлық етип изинде.

Қолға қызыл шарап алып,
Билдирмей оған уў салып.

Усынды мәртке, патшаға,
Ишежақ болды патша да.

Баҳадыр оны тоқтатты,
Ханға қарата сөз қатты.

— Ким усынса татып көрсин,
Алдын өзи ишип берсин.

Деп қарап турды көзине,
Ашыўы шығып жүзине.

Бирақ хан татып көрмеди.
Гилемге серпип жиберди.

Ханның қара ойын билди,
Патша қаҳәрине минди...



Лийкин ханды өлтирмеди,
Себеби ол мийман еди.

Буйырды тек қуўып сал деп,
Қарсыласса басын ал деп.

Жақыннан жүргизбең деди,
Қалаға киргизбең деди.

Әдил патша оннан кейин,
Баҳадырға қойып зейин.

— Әй жас жигит даңқы асқан,
Жаўды жеңип кеўли тасқан.

Батыр емес сен тек ғана,
Кеңесшисең ақлы дана.

Деди Баҳадырға қарап,
Ол турды патшаға унап.

Сөзимди тыңлатып алдым.
Мен сени унатып қалдым.

Соның ушын мине ҳәзир,
Сен боласаң ең бас ўәзир.

Деп патша питкерди сөзин,
Гезип келип дүнья жүзин.

Қыйынлық көрип қаншама,
Ең изинде сол патшаға,

Баҳадыр ўәзир болыпты,
Хызметке ҳәзир болыпты.

Кирисипти өз исине,
Жәбир етпепти кисиге.

Ақыл таўып сөз сөйлепти,
Әдил болып ел бийлепти.

Пәрман менен иси жүрген,
Патшаға патшалық сүрген,

Бас ўәзир болған күнинен,
Өтип сынақтың бәринен.

Ақылы асқан алық дым,
Әдиллик күткен халықтың.

Үмитин ақлай берипти,
Жарлыны жақлай берипти.

Ғаррыны да жүзик берген,
Ой-баўырын үзип берген

Ата-анасын алдырыпты,
Арнап үй-жай салдырыпты;

Жақсы өмир сүргизипти,
Жаңа жайға киргизипти.

Орнын тапқан сөзи болса,
Бақадырдың өзи болса.

Айдай арыў Дана қызға
Қаслары қара қундызға.

Қосылып сүрипти дәўран,
Кеўлинде қалмапты әрман.

Дәўлети таса берипти.
Ығбалы аса берипти.

Ел-журтын абад етипти.
Сөйтип муратқа жетипти.

* * *

Мақул тыңлап көрсең әне,
Бул ертектен шығар мәни.

Азамат болсаң мийримли,
Боласаң халыққа сүйкимли.



Қайыр етсең ҳәмме ўақыт,
Басыңа қонады бахыт.

Ақлымды жуўыртып өзим,
Талқыласам ертек сөзин.

Бир нәрсеге жетти көзим,
Керек екен шыдам, төзим.

## ЖАРЛЫ АДАМ ҲӘМ ҒАРҒАЛАР ПАТШАСЫ ҲАҚҚЫНДА

*(Халық ертеги бойынша)*

Ертек деген ертер екен,
Жүрек тарын шертер екен,
Жүйрик қыял қанатында,
Ҳәдийселер бөртер екен.

Қыял гезер дүнья жүзин,
Ақылға сал, ойла өзиң,
Журт тыңласа, мақул көрсе,
Мен айтайын ертек сөзин:

Жасыл орман өскен жерде,
Журт көзине түскен елде,
Дүньяда гезлесер кенде,
Болыпты бир жарлы бенде,

Тар ҳәм ызғар баспанасы,
Жоқ екен ҳеш напақасы,
Жарты қыйтақ жери менен,
Бар екен тек жуп танасы.

Ҳаялы бар қослас ғана
Асылысқан гил жас бала,
Күн бойына шаўқым салып,
Нан сорайды дым аш бала.

Тамағы жоқ бермегине,
Аз қалыпты өлмегине,
Сорлы адам сум тағдирдиң
Дуўшар болған ермегине.

Бир күни тар ылашықты
Таслап жарлы сыртқа шықты,
Ең кишкене улын ертип,
Аралады атызлықты.

Алға жүрди, кери жүрди,
Әри көрди, бери көрди,
Егин ексем болмай ма деп,
Өз қыйтағын сүре берди.

Еки тап жерди сүриўден,
Геўгим тартты аспан бирден,
Қараңғылық қаплап кетти,
Хабар әкелгендей түннен.

Бул қандай булт көкти басқан,
Көринбейди ашық аспан,
Деп қараса жарлы адам,
Ғарға екен көкте ушқан.

Қорқынышлы қурып кеткир,
Тумсығы орақтай өткир,
Қанатлары күн жапқандай,
Тырнағы қармақтай илгир.

Өз еркинше жүрген мудам,
Қорқып кетти жарлы адам,
Дәл үстине дөнип келди,
Буған қалай берер шыдам.

Аш көзлери қанға толып,
Отырды ол жерге қонып,
Оның өзин ҳәм баласын,
Қанатлары турды жаўып.

Қорыққанынан қалтырап қол,
Оннан сайын ҳаўлықты ол,
Адамлардай сөйлегенде.
Түри қорқынышлы қус сол:

— Айт сен адам, ўәжге келиң,
Мен нениди алайын сениң,



Балаңды ма, танаңды ма,
Балларым аш отыр мениң?

Қане сөйле, жуўабын бер.
Жоқ десең тек өзиңнен көр,
Илемей де әкетемен,
Тырнағыма салдың ба сер.

Жарлы терең ойға батты,
Мына буйрық тийди қатты,
Көзинен жаздырар емес,
Бала деген қандай татлы.

Зорлыққа жүреги суўлап,
Атасы өз жанын қыйнап,
Қутылыўға жол таппады,
Әри ойлап, бери ойлап.

— Деди жарлы,—өзимди ал,
Не салсаң өз басыма сал,
Дүньяда көргеним азап,
Ғарры тәннен кетип тур ҳал.

Бир жутынып усы туста,
— Жоқ, —деди қаҳәрли қус та
Маған сениң керегиң жоқ,
Не шире бар сен байғуста.

Қан қалмапты бетлериңде,
Қатып қалған етлериң де,
Сениң етиң балларымның,
Аўыртады ишлерин де.

Жоғал батырып қараңды
Жас гөш пенен өз баламды,
Тойдырайын, маған бер сен,
Я балаңды, я танаңды.

Мына сөзлер тийди қатты,
Сум тағдир бәлеге шатты,
Енди не қылсам екен деп,
Жарлы тағы ойға батты.

Қысғайды сол қус аласы,
Болмады бунының шарасы,
Бир улын берсе егерде,
Бәри бир көп ғой баласы.

Жас жигит болар жас бала,
Қос өгиз болар қос тана.
Буны мен берсем егинсиз,
Қаларман өзим бос ғана.

Ол керек қосқа жегиўге,
Жер айдап егин егиўге,
Қыс болса отын тасыйман,
Қыймайды көзим бериўге.

Деп ойлап тартса қайғысын,
Қыстайды қус сол байғусын,
—Ойлана бермей кесип айт,
Бересең маған қайсысын?!

Дейди ол сонда дыңғырлап,
Тырнағы менен жер тырнап,
Аяды жарлы баласын
Бүреди деп бул жез тырнақ

„Көрермен басқа түскенин,
Балам жоқ берер ҳеш менин.
Көрмейин мына тырнақтын,
Жыртқанын жап-жас денесин".

Деди тырнаққа көз тигип
Қалдырмай иште сыр бүгип,
Жуўабын күткен ғарғаға,
Сөйледи былай ентигип;

— Қурытып турсаң шарамды,
Ал деди еки танамды.
— Бахтың бар екен—деди ол—
Қутқарып қалдың баланды.

Болмаса ислеп кәриңди,
Қайтарып сениң әриңди,



Жоқ қылар едим деди ол,
Өгизшең менен бәринди.

Билип қой деди және сен,
Өгизшең ушын саған мен,
Кеўлиңе әбден унатып,
Жақсылап ҳақы төлеймен.

Балаңның бирин жибер сен.
Сарайда өзим күтемен.
Ол меннен нени қалесе,
Қалеген затын беремен.

— Сарайың қайда болады?—
Деп жарлы оннан сорады.
—Сарайым таўдың баўрында
Көк шалғын жерде турады.

Жән-жағы орман сығасқан,
Үстине дөнген көк аспан,
Жәннеттей жердиң гөззалы,
Алтын ойпатқа жайласқан.

Биз турған жерге жақын кеп,
Сораса болды балаң тек,
Өзине бизиң сарайды
Көрсетер ҳәмме анаў деп.

Айтылар сөзи питеди,
Силкинип дүр-дүр етеди,
Көтерип еки тананы,
Аспанға ушып кетеди.

Бул азап батып майрылып,
Қанаты ушпай қайрылып,
Изинен қарап қалады,
Танадан болса айрылып.

Болдырып жарлы сор бенде,
Үйине зорға келгенде,
Алдына шығып ҳаялы:
— Таналар қалды қай жерде?—

Дегенде билмей не дерин,
Танадан үзип гүдерин,
Үстине дөнип қорқытып,
Қум қылып кеткен жигерин.

Ғарғаны баян қылады,
Барлығын аян қылады.
— Енди күн қалай кешеди?—
Деди де ҳаял жылады.

— Айдалмай қалса жеримиз,
Егилмей қалса дәнимиз.
Қыс азық деген болмаса,
Кешеди қалай күнимиз?

Ең үлкен улы:—мен—деди,
Жылама ана сен—деди,
Ғарғаны излеп табайын,
Балаңа жуўап бер деди.

Ҳәзир мен жүрип кетемен,
Журтына барып жетемен,
Сол ғарғалар патшасының,
Ўәдесин талап етемен.

Деп ол сөзин таўысады,
Тири бенде табысады,
Әлле қайтип келмей қалсам,
Бир парша нан аўысады.

Сөйтип бала болды кетер,
Буған қандай илаж егер,
Сенсиз қалай болады деп,
Жылады ол оннан бетер.

Сен ҳеш қайда кетпе балам,
Мени қапа етпе балам,
Сени де жеп қояр ғарға,
Оннан мийрим күтпе балам.

Деп есинен жаңылады,
Тағы турып жалынады.



Аман болсақ усы үйден,
Саған да нан табылады.

Көнбеди ҳасла баласы,
Нан таўып берди анасы.
Пияз да салды ишине
Шөрекке толды қалтасы.

Алдыңнан шығар сахра-шөл,
Тосқынлық қылар дәрья-көл,
Усындай қыйын сапардан,
Аман саў барып аман кел.

Деп ана қалды хошласып,
Баласы кетти жол асып,
Излеўге алтын ойпатты,
Орманы турған шуўласып.

Сахрадан, шөлден өтейин,
Жолларды сегбир етейин,
Патшалық сүрген ғарғаның,
Елине барып жетейин.

Мен де бир иске жарайын,
Алтыннан салған сарайын,
Тапсам тап оның ишине,
Иркилмей кирип барайын.

Деп етек, жеңин түреди,
Адымды ашып кереди.
Шықпаған дүзге жас бала,
Күн-түни тынбай жүреди.

Бир қырдан өтип кетеди,
Тағы бир қырға жетеди,
Жолықты қалың орманға,
Нан жеўди ҳәўес етеди.

Әнжамлап шыққан керекти,
Ең үлкен улы теректи,
Саяман етип отырып,
Киристи жеўге шөректи.

Жегенде жаңа бир бөлек,
Бир ғарға келди ҳәккелеп,
Шойқаңлап ақсақ аяғы,
Қарайды оған шекелеп.

Мәпилик ғарға жақынлап,
Дейди балаға:—Бахыт тап!
Бала да жуўап береди:
— Өзиң де сондай бахыт тап!

Жақынлап ғарға жанына,
Көз тигип жеген нанына:
—Бир тислем нан бер, аш болдым,
Ара түс дейди жаныма.

— Келмейди саған қарағым,
Билип қой жолдың жырағын,
Өзиңе-өзиң таўып же,
Өзим де ашпан шырағым.

Сөзиңе қулақ салмайман,
Иркилип жолдан қалмайман.
Дым узақ барар мәнзилим,
Хеш нәрсе бере алмайман.

—Сөзиңди тыңлап қарасам,
Шаппаттай жап-жас баласаң,
Дейди сол ғарға сен өзиң,
Қай журтқа кетип барасаң?

— Мени бир нәрсе ойлантты,
Излеймен алтын ойпатты,
Онда ғарға патшасының
Сарайы турар айбатлы.

Еситип мына сөзлерди,
Көрсетип қула дүзлерди,
— Қоя бер—дейди бул жерде,
Дус қылды тағдир бизлерди.

Бараман мен де сол жерге,
Алып кет мени сен бирге,



Қанатым қалды ушыўдан,
Аяғым ҳәлсиз жүриўге.

Қулақ сал мениң сөзиме,
Жәрдемим тийер өзиңе.
Менсиз сен жол да таппассаң,
Қайтыўға еле изиңе.

Тиймегил мениң зейниме,
Қондырғыл мени ийниңе,
Ол ушын жолын силтеймен,
Мен сениң барар жериңе.

Дегенин бала егпеди,
Кисиден жәрдем күтпеди,
Жалынған ақсақ ғарғаның
Тилеги оннан питпеди.

—Қондырып қалай жүремен,
Өзим де шаршап келемен,
Деди сол үлкен баласы—
Жүриўим керек еле мен!

Деп турса бала аңқайып
Қанатын ғарға кең жайып,
Пыр етип ушып кетипти,
Көзинен болып зым ғайып.

Өзи бир қандай сум бәле,
Қонбақшы мениң ийниме.
Деп ашыўланды бул бала,
Қолыма түссең сеңиме!

Шөректиң қалғанын алып,
Оны қалтасына салып,
Алтын ойпат, хан сарайын,
Излейди тағы жолланып.

Бирақ ол қанша жүрсе де,
Жан-жақты серлеп көрсе де,
Көринер зат жоқ, тым-тырыс,
Тың-тыңлап қулақ түрсе де.

Ҳешкимге нәзер салмады,
Иркилип жолдан қалмады,
Сонда да алтын ойпатты,
Сарайды таба алмады.

Белестен белес қыр асты,
Көз тынып ойы шатасты,
Шығыўға сирә жол таппай,
Орманда жүрип адасты.

Кеткен соң узап арасы,
Күтеди ата-анасы,
Баламыз қашан келер деп,
Шәўкилдеп жүрек ханасы.

Күнлер ҳәм түнлер өтеди,
Күтиўден иси питеди,
Хат-хабар келмей улынан,
Жарлыны ҳайран етеди.

Ортаншы баласы енди,
Ата-анасына келди,
Жол азық таярлап бериң,
Ағамды излеймен деди.

Күн-түни тынбай шабарман,
Жанымды отқа жағарман,
Мүмкин мен алтын ойпатты
Патша сарайын табарман.

Бара сарайына кирсем,
Ғарғалар патшасын көрсем,
Ўәде еткен затын берер,
Өгизшени төле десем.

—Кетпе балам сен ҳешқайда,
Деп жалынар ана сонда,
— Онысыз да күн көрермиз,
Ўәде бар ма патшаларда?

Ананың сынбасын сөзи,
Сен де ҳәлек болма мәзи,



Тағдир түрткен ағаң болса,
Ақыр бир күн келер өзи.

Үгити өтпей қалыпты,
Көндире алмай налыпты,
Ана ортаншы улын да,
Узатып жолға салыпты.

Баласы жүрип кетеди,
Көк шалғын жерден өтеди,
Сығасып өскен қап-қалың,
Орманға барып жетеди.

Ишине кирип келеди,
Узақтан көзи иледи,
Ғарғалар ушар пәлпеллеп,
Дәл таптым дийип биледи.

Исимниң келди онайы,
Тум-тусы жасыл дәрайы,
Бул жерде ғарға шаҳының,
Болыўы керек сарайы.

Ал, қалың орман жән-жағы,
Шаршады өзи аш тағы,
Отырды талдың астына,
Алдына қойып қалтаны.

Пияз ба, дуз ба не керек,
Алғанда жеўге бир шөрек,
Қартайған, ақсақ бир ғарға
Қасына келди ҳәккелеп.

Ишинде сақлап өз сырын,
Шөрекке салып көз қырын.
— Бир тислеп ғана нан бер?—деп
Сорайды ғарға ақырын.

— Бизге аўырманлық салған,
Танамызды тартып алған,
Патшаң сени тойындырсын,
Мениң оннан кеўлим қалған.

Деп оған береди жуўап
Ортаншысы қырын қарап.
— Онда мени ийниңе сен
Қондырып жүр, дейди сорап.

Неге десең мен майыппан,
Аш болып ҳалдан тайыппан.
Орманда өлип қалмайын,
Дус келип турсаң ғайыптан.

Дейди бала сонда оған:
—Жәрдем етип патшаң саған,
Қонақлатсын өз ийнине
Керегиң жоқ сениң маған.

Ғарға сонда ушты дүрлеп,
Қанатынан самал ҳүўлеп,
Кем-кем тип-тик көтерилип,
Пәлпеллейди көкти гөзлеп.

Әл аспанды сайран етти,
Бул баланы ҳайран етти,
Изинен қарап турды да,
Бул да алға жүрип кетти.

Бала өз исин гөзледи,
Алтын ойпатты изледи,
Бирақта ол сол патшаның,
Сарайын таба билмеди.

Белестен белес қыр асты,
Көз тықып ойы шатасты.
Шығайын десе жол-таппай,
Орманда бул да адасты.

Ерли-зайыплар бий қарар,
Улларын күтер ҳәр сапар,
Сағынып әбден күтсе де,
Болмайды оннан хаг-хабар.

Сөйлейди улы генжетай:
Қайғырмаң дейди ҳеш қандай,



Оннан да маған жол азық,
Таярлап бериң азғантай.

Мүмкин мен иске жарарман,
Ағаларымды табарман,
Сол ғарғалар патшасынан,
Ҳақымды алып қайтарман.

Бийшара ана жылады,
Көзиниң жасын булады,
Улына бармай қал десе,
Айтқаны сирә болмады.

Ақыр соңы ата-ана
Пәтия берип улына
Сен аман барып саў кел деп,
Узатып салды жолына.

Өндирип жолды генжетай,
Қырлардан асты бир талай,
Арада қалды көк шалғын,
Қалғыған қалың көп тоғай.

Өзи де шаршап болдырды,
Ашлықтан жүзин солдырды.
Ағалар келип отырған,
Жерине булда отырды.

Таяғын жерге таслады
Қалтаның аўзын услады.
Ишинен алып шөректи,
Сындырып жеўди баслады.

Шөреги көздей дөңгелек,
Үлгермей жеп ол бир бөлек,
Қасына келди ғайыптан,
Бир ақсақ ғарға ҳәккелеп.

Ҳәккелек атып секирер,
Ол жутып, буның көзи жер,
—Наныңнан бала маған да,
Бир тислем бер? — деп өтинер.

Генжетай бала сол жерде,
Керегиң нан ба, мол мен де,
Ала бер сеннен қызғанып,
Шақ шықпас жалғыз жегенде.

Не күнлер бастан кешкенде,
Дусласпай жолда ҳеш бенде
Бир өзим жеўге кеўилсиз,
Бийшара ғарға же сенде.

Тағы да ғарға өтинер,
Бересең бе бир пияз дер,
Не ушын бермес екенмен,
Бәрин ал қалесең егер.

Ғарға пиязды, нанды да
Аўзына қағып салды да,
Алғысын айтты балаға,
Ҳақыйқат тойып алды да.

—Бола ма бир зат сорасам,
Өзиңде жап-жас баласаң;
Қасыңа ерген жолдас жоқ,
Қай жаққа кетип барасаң?

Билесең бе сен ал буннан,
Қап-қалың мына орманнан,
Жол таўып сырә шыққан жоқ,
Бул күнге дейин ҳеш бир жан.

Дегенде ғарға бала да:
—Қалмаспан деди далада,
Бул қыйын жолға исенип,
Жиберди ата-ана да.

Жетиўим керек мен тезден,
Алтын ойпатқа гүлленген.
Онда патша сарайы бар,
Гүмбезлери гүмис, зерден.

Өзи үлкен сәнли сарай,
Көзиң талар қарай-қарай,



Ағаларым сонда шығар,
Таппай жүрмен сорай-сорай.

—Табарсаң саў болса дениң,
Балам жолың болар сениң.
Жақсылығың ушын саған,
Пайдам тийип қалар мениң.

Қайтарсаң аман елиңе
Қондырғыл мени ийниңе.
Майыппан еплеп алып кет,
Жетерсең мақсет—дейдиңе.

—Қондырып ғана аламан,
Арқама қағып саламан,
Елеге дейин ийниме,
Қус қондырмаған баламан.

Деп күлип ол шақақ урды,
Ийнине оны қондырды,
Сөйтип сол жерде ғарғаның,
Тилегин бала болдырды.

Олар алға жүрип кетти,
Талай-талай жерден өтти,
—Оңға, солға, туўры жүр!—деп
Ғарға оған жол көрсетти.

Сөйтип олар көп жол жүрди,
Өткерди үш күн, үш түнди,
Қалың орманлардан өтти,
Ушы қаплап турған күнди.

Бирден жақтыланды алды,
Кең далаға жетип барды.
Бул өзи қандай қала деп,
Көргенине ҳайран қалды.

Ол жердиң ҳәр бир шөби де,
Ашылып турған гүли де,
Нағыз таза сап алтыннан,
Ҳәтте тасының бәри де.

Сол даланың ортасында,
Алтын диңгек бар қасында
Әжайып сарай турыпты,
Ол дөңниң уша басында!

Генжетай иркилди бирден,
Ҳәм таң калды көрген жерден,
Ол бундай гөззал сарайды,
Оңы, түсинде көрмеген.

Ғарға менен отырды ол,
Даланың дәл шетине сол,
Калтадағы қалған нанын,
Нәрсе қоймай жеп алды ол.

Ақсақ ғарға да сөйледи,
Туў ана таўлы көр деди,
Сол жерде мениң патшамнын,
Сарайы жайнап тур деди.

Жақсылап серлеп қарасаң,
Сен оның жолын табасаң,
Жақынлап қалдын, сорамай,
Ишине кирип барасаң.

Сынымнан өттиң сынаған,
Сақыйлық еттиң сен маған,
Сол ушын тыңла жақсылап,
Беремен кеңес мен саған.

Оны көриў несип етсе
Патша сеннен сорай кетсе,
Өгизшен ушын қандай зат,
Аласаң деп жуўап күтсе.

Ақылымды алсаң ҳасла,
Қызықпа алтынға, тасқа,
Берсе дигирманшасын ал,
Ҳеш нәрсе сорама басқа.

Деди де соның изинен,
Қапелимде өз-өзинен.



Жол силтеўши ғарға бирден,
Ғайып болыпты көзинен.

Генжетай ҳеш үндемейди,
Күнди күн я түн демейди,
Патшаның сарайы турған,
Бара таўға өрмелейди.

Сақшылар көрип қалады,
Тапжылтпай тутып алады,
Патшаның тахты алдына,
Түйгишлеп алып барады.

Жәлладлар да тайын болды,
Патша көзи қанға толды,
—Сен шаппаттай бала бунда,
Қалай таўып келдиң жолды?!

Бала сонда сыр бермеди,
Дели ҳәрким жол силтеди.
Сол ақсақ ғарға жөниде,
Ҳеш бир айтқысы келмеди.

—Мейли жол таўып келсең сен,
Өз сөзимде турыппан мен,
Қара барлық ғазийнемди,
Не унаса соны ал сен.

Үш күн, үш түн бойы гезди,
Ғазнасын қараўдан безди,
Кейин ол патшаға келип,
Айтты оған мына сөзди;

—Ғазнаң әжайып бай екен,
Ҳасыл зат толы жай екен,
Унады маған көп нәрсе
Барлығы сайма-сай екен.

Бунша байлықты нетейин,
Сизден бир тилек етейин,
Бер маған дирирманшаңды,
Мен соны алып кетейин.

Ғарға патшасы бурқ етти,
Буны ким саған үйретти,
Бир ғарға кеңес бергенди,
Көрейин мен сол сур бетти.

Зәҳәр шашып урман-пурман,
Қаҳәрленип берди пәрман,
Балаға ақыл бергенниң,
Басын алың деди жылдам.

Патша сәл қабағын ашып,
Ишинен сумлыққа кашып,
Баланы алдай баслады,
Ҳийлели сөз бәнтин басып.

Келип тур қолай пайт деди,
Унаған затты айт деди,
Дигирманшамды сорама,
Ондай пикирден қайт деди.

Өгизшеңди де берейин,
Алдыңа алтын төгейин,
Қанша алсаң да ала бер,
Сен неге алдың демейин.

—Тилегим мениң тек саған,
Қызығып турман мен оған,
Тураман десең сөзиңде,
Дигирманшаңды бер маған!

Өз көзиң менен жаңа сен,
Ғазнамды көрдиң, билесең,
Ишинде қанша зат болса,
Барлығын ал сен қалесең.

Өкинбеў ушын изинен,
Қайтпады бала сөзинен.
Буған не ислей алады?
Көрди тек патша өзинен.

Алды да дастық астынан,
Дигирманшаны жалма-жан,



Керегиң солма, мә ал деп,
Услатты ол өз қолынан.

Сөйтти де соның изинен,
Қаҳәри шығып жүзинен,
Ашыўы келип бақырды,
От атып еки көзинен.

—Мине сол сениң күткениң,
Өтинип талап еткениң,
Ал да сен жоғал көзимнен,
Олжағой тири кеткениң.

Дигирманшәны алады,
Қалтаға жайлап салады,
Ғарға шаҳының елинен,
Сол ўақта кетип қалады.

Жетти де қолы әрманға,
Келди де қалың орманға,
Сонда тек ғана азғантай,
Иркилип турды бул манда.

Отырды өзи дем алып,
Дигирманшаға таң қалып,—
Қалды ма нан деп излейди,
Қалтаның түбин ақтарып.

Биракта қалта бос шықты,
Үмити сөйтип пуш шықты,
Тамақтан өтер нәрсе жоқ,
Сол жерде көрди ашлықты.

„Маған сол ақсақ ғарғаның,
Надурыс берген ақылы"
Деп бала ойға шүмеди,
Тыңламаў екен мақулы.

Дигирман маған не керек,
Алсамшы алтын бир бөлек,
Ямаса алсам болмай ма,
Жейтуғын нәрсе көбирек.

5—534

Енди мен бунда нетермен,
Ашлықтан өлип кетермен,
Бӣзарлығым жоқ, бостан-бос,
Үйиме қалай жетермен.

Сонда ол еске алады,
Ойланып турып қалады,
Не ушын қарға патшасы,
Дигирманшаға қыйналады?

Бунда қандай сыр бар еди,
Буннан артық сый бар ма еди,
Буның ушын бар байлығын,
Бериўге де таяр еди.

Сөйтти де қарай баслады,
Тутқасын бурай баслады,
Әпиўайы дигирманша,
Дәртине жарай баслады.

„Сөйледи сонда былай ол,
Тутқасын бурап салып қол,
Патша сарайындағыдай,
Ишип-жем деди тайын бол!“

Усыны айтып болғанша,
Көз ашып аўзын жумғанша,
Қойылды оның алдына,
Мазалы аўқат бир қанша.

Дигирманшаның ислеген,
Кәраматынан шадбан мен,
Деди де бала қуўанды,
Болдырып ойын қалеген.

Лийкин ол және сол ўақта,
Мунайды елден жырақта,
Тойғаным болмас мениң деп,
Жалғыздан-жалғыз бул жақта.

Туўысқан, туўған қарындас,
Ата ҳәм анам көзде жас,



Келер деп қарап жолыма,
Отырса үйде аштан-аш.

Деп бала төгип көз жасын,
Ойлаўды қойып өз басын,
Буйырып дигирманшаның!
Бурайды және тутқасын.

—Ата-анам буны көрсин,
Дигирманша сырын билсин,
Ағаларым, апаларым,
Усы жерге жетип келсин!

Буны айтып болыўдан тек,
Дастурханды дөңгереклеп,
Ата-ана; аға, сиңли,
Келип қалды епелеклеп.

Олар тойып ишип-жеди,
Бундай аўқат көрмеп еди,
Бәрин жеп таўыспағанша,
Дастурханнан түргелмеди.

Аға, сиңли апақ-шапақ;
Ата-ана болып қуўнақ,
Соң бәри үйине қайтты,
Аман-есен күлип-ойнап.

Бахытлы жасап турады,
Турмысын қайта қурады,
Дигирманшаға буйырса,
Керегин бәржай қылады.

Егер сиз инанбасаңыз,
Жалған деп гүман қылсаңыз,
Өзлериңиз-ақ олардың,
Үйине барып сораңыз.

Кеткени қайтып келеди,
Дәўлети артып келеди,
Өзлери сизге барлығын,
Қалесе айтып береди.

## ЕРЖАН КӨК

### 1

Жипектей желпип есилген
Самалы жанға жағымлы,
Ийримлеп, кө[illegible], көсилген,
Кең [illegible]қар суўы сағымлы.

Айдынға жатқан жарқырап,
Үйрек-ғаз қонып шалқыған.
Ағысы пәтли сарқырап,
Ақ көбик атып толқыған.

Дәрьяның қайтпа жеринде,
Тоғадай болып ийилген.
Уйтқыған желдиң өринде,
Кишкене таўдай үйилген.

Қумшықтың турып үстинде,
Көк шалғын жерге қараң сиз.
Кең жайлаў дала төсинде
Жайылар қойлар алаңсыз.

Гиясын жердиң желпитип,
Жел билер жайлы еспекти.
Жабыққан кеўлин сергитип,
Отырған ойнап көшпекти.

Түргелип бир қыз, бир бала,
Қойларға қарай жөнеди.
Бет алды жазық ай дала,
Күлисип ойнап келеди.

Биреўи қойдың шопаны,
Биреўи досты бир өскен.
Шопанның дүз ғой мәканы,
Қыз келип дәртин бөлискен.

Гүл жүзли Гүлжан орта ҳал,
Дыйқанның жалғыз жулдызы.
Көрерге көзи, жүзде қал,
Маңлайға тиккен қундызы.



Ал, бала жетим аўылда,
Байлардың қойы баққаны.
Жаўында қалып, даўылда,
Өз жаны отқа жаққаны.

Әкеси Қулым удайы,
Қой бамып өлип кетипти.
Яр болмай буған қудайы,
Қойшылық несип етипти.

Сум тағдир оның үстине
Азаптың бәрин үйипти.
Қысқының түсип дәстине,
Далада сорлап жүрипти.

Күйдирип жазғы саратан,
Сарғайып жүзи оңады.
Ызғырып суўық, қақаман,
Қыс болса музлап тоңады.

Бундайда Гүлжан кетеди,
Жылытып жанын баланың.
Қызғынын инам етеди,
Қызғалдақ гүли даланың.

Айнымас анық дос болып,
Сүйгени қалеп жасынан.
Күндизи оған ес болып,
Жүргени қалмай қасынан.

Усылай татыў өседи,
Далада тайлай шабысып.
Мухаббат гүлин төседи,
Жүрекке жоллар табысып.

Шырылдап көкте сайраған,
Пошшаны тыңлап дүзинде.
Қуяшта мыстай қайнаған,
Қойлардың жүрип изинде.

Жас жигит болып қалыпты,
Кешеги бала ержетип.

Халықтан қуўат алыпты,
Өсирген оны ер етип.

Аты да Ержан өзиниң,
Ерликте питкен бойына.
Сарғайып нуры көзиниң,
Қарайды байдың қойына.

Нәзери отлақ әристе,
Алдында баққан қойы бар.
Қойшының усы жүристе,
Кеўлинде қандай ойы бар.

Өз ойын айтпас ҳеш жанға,
Өзине мәлим ол сыр тек.
Сүйриктей сулыў Гүлжанға,
Көз салып қояр күлимлеп.

Әдети күнде Гүлжанның,
Өз қойын қосып бағады.
Қызықлы сөзин Ержанның,
Тыңлаўға сылтаў табады.

Жарасып жүрер Гүлжан қыз,
Үйренип дала жүзине.
Қуўанар Ержан әрмансыз,
Тигилип гүлдей жүзине.

Ышқыдан қозғар әңгиме,
Ықласы барын билдирип.
Ядында саклар мәңгиге,
Сөзлери турар күлдирип.

Атады айтар ҳәр сөзин,
Гөзлеген жерге тийдирип.
Өзине бурар ай жүзин,
Жүрегин қыздың ийдирип.

Басланар жаслық дәўири,
Бирине-бирин сүйдирип,
Жүзине урар ҳәўири,
Муҳаббат оты күйдирип.



Қатнасар соқпақ салынды,
Жүректи жүрек көндирип.
Екеўи жаққан жалынды,
Кетпегей биреў сөндирип.

Бул еки жасқа сүйискен,
Кең дала тарлық етеди,
Сөзлери ўәде берискен,
Аўылға барып жетеди.

Гүлжанды қосып Ержанға,
Өсеклер тарап кетеди.
Ишлери толып әрманға,
Көриспей күнлер өтеди.

Дуў-дуў гәп елдиң арасы,
Сескенип сөздиң түринен.
Гүлжанды ата-анасы,
Шығармай қойды үйинен.

Гүли жоқ ысық көзине,
Қуўарған дүзге тап болды.
Алданыш болған өзине,
Үмити сөйтип сап болды.

Гүлжанын күтер көзлери,
Қыялы кетер қаңғырып.
Сүйемен деген сөзлери,
Ядында турар жаңғырып.

Өтеди күнлер, ҳәптелер,
Айлар да өте береди,
Гүлжаны қайда ким, билер,
Хабарын күте береди.

Күте де күте келди гүз,
Қыздың жоқ ҳеш бир дереги.
Көриспеймиз бе енди биз,
Күтиўдиң жоқ па кереги?!

Алғандай жанын суўырып,
Ержанға түрли ой келер.

Гүзарға сыймай шубырып,
Өристен қайтып қой келер.

Алдына шығып бай турар,
Түўеллеп санап қойларын.
Бир тоқлы жоқ дер ҳәм урар,
Талдырып талма бойларын.

—Таўып кел,—дейди түргелтип,—
Өлдим деп билгил таппасаң.
Тынбаспан сени теңселтип,
Қазықтай жерге қақпасам.

Түйгишлеп түйип тепкилер,
Түнертип түндей қабағын.
Тоқлыны тап деп тепсинер,
Төккендей толы табағын.

—Түн болса тастай қараңғы,
Излеймен оны қаятан?
—Батырар мынаў қаранғы,
Қутылып көрши таяқтан,—

Дегенде сол бай дәпинип,
Ержанда турды орнынан.
Тәўекел етти гижинип,
Излеўге түнниң қойнынан.

Бир бөлек аўыл гил жарлы,
Қарайған ҳәр үй ҳәр жерде.
Боранлы, қарлы, ызғарлы,
Жол жүрди сорлы иңирде.

Түнере түскен кеш қурып,
Қақаман қыстың күнинде.
Көрмеген жолы ҳеш бурын,
Адасты айсыз түнинде.

Музғала, буршақ, қар жаўып,
Уйтқыйды тынбай үргини.
Жығылды Ержан жер қаўып,
Басында байдың сүргини.



Муздай қар қуйған қоныштан,
Үстинде жыртық кийими.
Үскини әбден қуныскан,
Зиңилдеп түскен ийини.

Сонда да турып жүреди,
Тоқлыны табыў керекти.
Тың-тыңлап қулақ түреди,
Тинтеди тоғай, теректи.

Бүклердиң астын бүкшеңлеп,
Сығалап қарап турады.
Жуўыспай аўзы бүрсеңлеп,
Шатқа да өзин урады.

Тынбастан түнлер бойына,
Жүргенсоң бойы жылыйды.
Шаба ма байдың қойына,
Бир жақта қасқыр улыйды.

Оны да писент етпейди,
Даланы жалғыз гезеди.
—Тоқлы жоқ саған, кет!—дейди,
Ержанды суўық езеди.

Буған да жигит көнбейди,
Излейди жоғын түн бойы.
Жүреди жолы өнбейди,
Боранда қара зил бойы.

Жоқлаўын әбден асырып,
Бир жерге келип ықлайды.
Барғанда байға бас урып,
Сөккени естен шықпайды.

—Табасаң!—деген сөзлери,
Қулағын тесер гүўилдеп.
Түн ишин тинтер көзлери,
Жел есер қатты ҳүўилдеп.

Тоңса да турып кетеди,
Отырған жерден буйығып.

Самал да сақ-сақ етеди,
Уйтқыйды қарды суўырып.

Таяғы сүйеў қолында,
Танабын жердиң қуўырып.
Тоқлыны табыў жолында,
Жүрипти тынбай жуўырып.

Бул жүрсе бүлип боранда,
Қан қалмай азғын жүзинде.
Мал болса бәс деп қорамда,
Бай улы жатыр үйинде.

Бул дүзде түнниң ишинде,
Зер-зебил болып излейди.
Шалалық егпей исинде,
Табыўды ғана гөзлейди.

Тоқлыны таппай изине,
Қалайша қайтып барады.
Көрсетип жанын көзине,
Терисин сытып алады.

Айтқаны айтқан байлардың,
Сөзлери нырққа сыяды.
Бир тоқлы ушын бул сордың,
Жас жанын қыршын қыяды.

Усыны ойлап жигиттиң,
Тинтпеген жери қалмады.
Үзилмей турған үмиттиң,
Жибинен көзин алмады.

Жоғалған тоқлы табылса,
Үймесе жаўыз қабағын.
Абырай сөйтип жабылса,
Үзбесе үмит сабағын.

Ойлаған ойы, әрманы,
Болар ма екен сорлының.
Жүрипти қурып дәрманы,
Изинен қалмай тоқлының.



Асыўдан асыў асады,
Аўыллар қалды бир жақта.
Дирилдеп қуты кашады,
Түнерген түн тур жән-жақта.

Киятыр жүрип ериксиз,
Ҳаўлықты көзи аларып.
Қора ма, қос па белгисиз,
Көринди бир зат қарайып.

Қарайған не деп келгенде,
Гөне там екен тың-тыңлап.
Ишине кире бергенде,
Кеткендей болды тысырлап.

Тағы мен неге тап болдым,
Күтеди қандай ис мени.
Тоқлыны таппай сап болдым,
Қуртады қара күш мени.

Душпан ба яки доспекен,
Не болса болсын барайын.
Я иши тамның боспекен,
Аңғысын аңлап қарайын.

Деди де кирди ишкери,
Тозыўы жеткен гөне там.
Қаңырап қалған ишлери,
Деп турғандай шекпе ғам.

Қуўысты қоймай сығалап,
Көзлери тинтип жән-жақты,
Қараса ықты паналап,
Тоқлы тур отлап жантақты.

Түн бойы излеп сандалып,
Тоқлыны тапты ақыры.
Қуўанып қалды шадланып,
Қулымның ғарип пақыры.

Аўылға қарай төтелеп,
Қайтады ғырра изине.

Тоқлылы түнде жетелеп,
Тапсырды байдың өзине.

Сөйтти де айтты ол сөзин:
—Бақпайман—деди—қойынды,
Алартып оған бай көзин;
—Қой,—деди—ондай ойынды.

—Ойыным емес бул мениң,
Шын сөзим қойды бақпайман.
Қулқынды билдим сум сениң,
Мен саған енди жақпайман.

Ҳақымды берсең болғаны,
Иркилмей тезден кетемен.
—Кетип көр күшик қолдағы,
Күниңди қарап етемен.

—Күниңди дейсең, қандай күн,
Көргеним азап, ақырет.
Қараңғы қара тастай түн,
Көрмедим ҳеш бир әдилет.

—Бәдбақ сен аспа ҳәддиңнен,
Қарызың кәнғой береси.
Айырып мына қаддиңнен,
Етейин сени өлеси.

Урады үз деп үмитти,
Жанына жәбир етеди.
Талықсып жатқан жигитти,
Өлди деп теўип кетеди.

2

Суўық жер сорып денесин,
Таяқтан талып жатады.
Бир ўақта жыйнап ол есин,
Түргелип адым атады.

Қаңғалап түнниң ишинде,
Кетеди гейде сүрнигип,



Баяры қуўып изинде,
Киятырғандай киилигип.

Силейтип урған аямай,
Етине салған жараны.
Ҳақысына да қарамай,
Ашады байдан араны.

Қараңғы түнди паналап,
Сүлдерин сүйреп жүреди.
Алдында қатты абалап,
Аўылдың ийти үреди.

Бул аўыл Гүлжан аўылы,
Ийтлери таныс өзине.
Басылып түнниң даўылы,
Көринди үйлер көзине.

Аўылдың қарап түрине,
Ойланды көзге жас алып.
Қайрылмай бирде бирине,
Кетсем бе екен бас алып.

Көрип кет дейди бир ойы.
Ҳәддиңнен аспа көп аса.
Көрмедим оны жыл бойы,
Жолықсам ба екен ямаса.

Барсам ба екен үйине,
Көрсем бе екен Гүлжанды.
Көрисип қайта сүйине,
Қуўантар мекен Ержанды.

Болмаса онын үй-иши,
Жолатпай қуўып салар ма.
Арағa түсип бир киси,
Кеўлимиз суўып қалар ма.

Ямаса Гүлжан көрисип,
Қуўанып қарсы алар ма,
Жүреклер иштен сүйсинип,
Кеўиллер қарар табар ма.

Гүлжанның ата-анасы,
Мийрими келип аяр ма,
Елжиреп жүрек ханасы,
Алдыма барын жаяр ма.

Азаннан бери қарным аш,
Дуз дәмин ҳеш бир татпадым.
Зиңиллеп жүрмен жаланаш,
Түн гезип пана таппадым.

Гүлжанның үйи шетки үй,
Тәўекел соған барайын.
Қаңбақтан қора жыртық ший,
Саңлақтан серлеп қарайын.

Хабарлас дейин үн қатып,
Есигин ашса кирейин.
Қаяқтан жүрсең, түн қатып,
Десе бир айтып берейин.

Қуртпақшы болып көзимди,
Баяғдың еткен зорлығын.
Өлтире урып өзимди,
Көрсеткен хожа қорлығын.

Қутылдым дейин залымнан,
Жолымды аўлақ саларман.
Күш питсе, келсе қолымнан,
Өшимди еле аларман.

Деди де өзин жубатып,
Келди ол қыздың үйине.
Сес берип әсте оятып,
Сүйенип турды шийине.

Әкеси үйде жоқ екен,
Даўысын танып сүйине,
Келер деп кеўли тоқ екен,
Қыз шықты шала кийине.

Жигитке инкар дилбарын,
Сағынған жүрек сүйгизди.



Көрсетип қуштар дийдарын,
Қушақлап үйге киргизди.

Пәрмана болып анасы,
Жылын деп жылдам от жақты.
Шәўкилдеп жүрек ханасы,
Гүлжанның әбден хош ўақты.

Кел, балам деген келгенде,
Меҳирге, отқа ысынып.
Биймезгил кирип келгенге,
Ержан да отыр қысынып.

Шырағым ҳасла қысынба,
Дем алып аз күн жатарсаң.
Көрерсең бәрин түсиңда,
Табылған дузды татарсаң.

Көрип ем ғарип ананды,
Анаңдай болып күтейин.
Таяқтан болған жаранды,
Жазыўдың емин етейин.

Көрипсең әбден көримди,
Түсире берме еңсеңди.
Дос билип мениң үйимди,
Паналап келсең мен сени.

Баламдай көрип аналық,
Меҳирим менен емлеймен.
Перзентке иззет ылайық,
Ықласым болар ем деймен.

Дегенде Гүлжан қыялап,
Қарайды салып көз қырын.
Кеўлине бир ой уялап,
Билдирмей тур қыз өз сырын.

Анасы қыздың әнекей,
Ержанға ғамқор пәрмана.
Ақ кеўлин ашып қанекей,
Усындай болса ҳәр ана.

Дыққатын бөлди Гүлжанның,
Қасында турған қысынып.
Отты жақ деди Ержанның,
Жылысын бойы ысынып.

Гүлжанның болып кеўли жай,
От жағып атыр гүрлетип.
Ыссы нан менен ыссы чай,
Ержанды жылтгы терлетип.

Жибисти жаны жайылып,
Суўықтан қатқан силеси.
Аш жүрек айы алынып,
Қурысып қалған денеси.

Күш енип кем-кем ҳалланып,
Қаддине келе баслады,
Сезими кетти жанланып,
Гүлжанға нәзер таслады.

Көзинше уят қарасыў,
Анасын ымлап нусқады,
Ҳәзирше керек шыдасыў,
Ол өзин иркип услады.

Тым-тырыс болды үндеспей,
Қызықлы күннен безгендей.
Гәплери турған үйлеспей,
Жаслардың кеўлин сезгендей.

Ана да шықты далаға,
Дегендей қалсын оңаша.
Қызығар жүрип далада,
Жаслық ўақ қандай тамаша.

Еслетер таза бағ гүлин,
Ашыла түскен жарасып.
Ынтыға күткен бир-бирин,
Сынай ма, отыр қарасып.

Қыз деген сүйип турса да,
Сүйгенин сирә билдирмес,



Көзлери күлип турса да,
Иштеги сырын сездирмес.

Аңлайды оны аңласа,
Жигиттиң зийрек пәмлиси.
Кеўилге унар тыңласа,
Сөздиң де шийрин дәмлиси.

—Бағдағы гүлдей жүзиңди,
Сағынып келдим Гүлжаным.
Айрықша сениң өзиңди,
Аңсайды мениң бул жаным.

Сени деп өткен ҳәр күнди,
Сөйлесем жетпес тил, жаным
Тапсырдым саған еркимди,
Не қылсаң өзиң бил жаным.

Кел десең, келип турыппан,
Кет десең көнип кетемен.
Өзиңе куштар болыппан,
Жанымды пида етемен.

—Мениң де жаным жолыңа,
Садағаң ғана болайын.
Дуз несип қосса қолыңа,
Бахытың болып қонайын.

—Қанекей ондай күн болса,
Әрмансыз болар едим мен.
Қасымда сендей гүл болса,
Бүлбилдей қонар едим мен.

—Мен сениң жақты күниңмен,
Жүзиңе ақ нур шашаман.
Сағынып күткен гүлиңмен,
Сен ушын ғумша ашаман.

Қулпырар, жайнар гүл деген,—
Деди қыз ўақты хош болып.
—Әнжамын көрсең үй деген,
Дүзелер жаңа қос болып.

Екеўи жағар ошаққа,
Үмиттиң нуры шашылды.
Гүлжаны енип қушаққа,
Муҳаббат гүли ашылды.

Усы жас гүлдиң өзине,
Пәрмана болғай бәҳәри.
Көзге бир ысық жүзине,
Түспегей қыстың қаҳәри.

3

Өтеди күнлер арадан,
Қыс кетип бәҳәр жетеди.
Басқа бир байға қайтадан,
Жалланып Ержан кетеди.

Бул байдың аты Даўылбай,
Дәўлети тасқан есирип.
Сөйлейди гүўлеп даўылдай,
Аспанды жерге түсирип.

Қутылып қойды бағыўдан,
Усыған дыйқан жүреди.
Оянып сәл таң атыўдан,
Қос айдап, жерин сүреди.

Жас жигит толған күшине,
Жаранып хызмет етеди.
Даўылбай бунын исине,
Сүйсинип, ықлас етеди.

Ислеген исин көргенде,
Кеўлине унап кетеди.
Сақыйлық тутып сәл жерде,
Қотыр тай инам етеди.

Дөңгелек туяқ көрсем деп
Аңсаған әрман питеди.
Ат етип тойға минсем деп,
От-жемин берип күтеди.

Не берсе соның барлығын,
Өндирип алар жеринен.



Бай сөйтип гилең жарлының —
Байыған маңнай теринен.

Буннан да басқа дыйқан бар,
Өтеди Ержан бәринен.
Еңбегин сатып дыйқанлар,
Күн көрер кәсип кәринен.

Биреўи намбар аўдарса,
Биреўи төгин төгеди.
Биреўи арба айдаса,
Биреўи қосын жегеди.

Ғамланып ерте бәҳәрден,
Жер сүрип туқым себеди.
Бәри тең турып сәҳәрден,
Тырбаңлап талап етеди.

Көнлигип әбден мийнетке,
Ержан да өсип келеди.
Жигитти сынар мийнетте,
Көзге де түсип келеди.

Күш десе күш бар өзинде,
Хош ҳаўаз және сазенде.
Турады айтқан сөзинде,
Бунындай жигит аз елде.

Ақылы бойға ылайық,
Шырайы көзди тартады.
Уқыбы жайлы халайық,
Мақтаўлы сөзлер айтады.

Тиллессе жеңер утысып,
Оғыры шебер сөзге де.
Беллессе жығар тутысып,
Өнери көпдур өзгеде.

Айыбы жарлы демесең,
Айтыўлы жигит аўылда,
Билип қой оны билмесең,
Ол қайсар өскен даўылда.

Жолыққың келсе өзине,
Абайлап бәрғыл барыўда,
Озбырлық етсең өзиңе,
Көрсетип қоар карыў да.

Ер жигит етип өсирер,
Сүйенер таўы—ел жаны.
Душпанның үнин өширер,
Қулымның усы Ержаны.

Тыным жоқ күндиз-кешинде,
Урда-тут егис жер егип.
Күн-түни байлың исинде,
Жүрипти Ержан тер төгип.

Тер төкпей қайтсин кисиге,
Қараған күни қыйнайды.
Әрманы сыймай ишине,
Ол есин зорға жыйнайды.

Билдирмей жүрди сонда да,
Көринди жоқтай кемиси.
Жигиттиң зоры бунда да,
Өзиндей жарлы көбиси.

Далада жүрип зарыққан,
Жабыққан жанға ес тапты.
Жеккелик келип тарыққан,
Өзине бунда дос тапты.

Бәриниң уллы мақсети,
Алдынан кутер үмитлер.
Таўсылмас етер хызмети,
Жалланып жүрген жигитлер.

Усылар ғана түсинер,
Сөйлесе ишки сырларын.
Шағынса кеўли исинер,
Тыңлайды жүрек жырларын.

Бүгинги күнге тийисли,
Исленер ислер исленип.



Болған ўақ жупар ийисли,
Саяда отыр түсленип.

Ишкени суўы салманың,
Жегени күйик зағара.
Исине налып алланың,
Гүңкилдеп қояр өз-ара.

Ортаға салды бәри де,
Ойланып жүрген өз дәртин.
Жалшытпай жүрген кәри де,
Узаққа созды сөз бәнтин.

Егеде жигит ағасы,
Гезеги менен сөз алып.
Қолы күс, ашық жағасы,
Сөйлеген сайын қозғалып:

—Досларым деди сөзимди,
Ақылға салып тыңлап көр.
Қашанға шекем өзинди,
Қорлайды тағдир, ойлап көр.

Өз күшин сатып күнелткен,
Бәримиз байға дыйқанбыз,
Мийнетте аўыр күн өткен,
Еккенбиз, орып жыйғанбыз.

Мийнети бизге тийисли,
Ҳәзлигин байлар көреди.
Дыйқан аш, арық өлеси,
Тек жаны шықпай келеди.

Усылай бара берсек биз,
Жаннан да жуда боламыз.
Дүньяға бир күн келсек биз,
Бир күни ада боламыз.

Оннан да жатып қалғаннан,
Атып қал деген нақыл бар.
Қутқарар жаўыз байлардан,
Айтыңлар қандай ақыл бар.

Еситип жүрмен ҳәр кимнен,
Ауылда сып-сың гәплер бар.
Жақсылық күтер ҳәр күннен,
Биз ушын болар мәплер бар.

Қалада таныс жигит бар,
Заводта хызмет егеди.
Өзинен көп-көп үмит бар
Тез-тезден келип кетеди.

Кеше де келди кеш қурын,
Өзи де бир мәрт дос табар.
Еситилмеген хеш бурын,
Жеткерип кегти хош хабар.

Үйинде болып атырған,
Оның бир досты бар екен.
Ҳәдийсе толып атырған,
Көп истен хабардар екен.

Тағдири айлап бул жаққа,
Россиядан келипти.
Туўылган жерден узақта,
Дос таўып ислеп жүрипти.

Ақ кеўил рус миллети,
Алексей екен исими.
Ақылы, иси, сәўбети,
Өзине тартар кисини.

Ол өзи усы жақында.
Мәскеўге барып келипти.
Көрген, билгени ҳаққында,
Биримлеп айтып берипти.

Партия, Ленин халықты,
Гүреске баслап шыққанын.
Жаңартып ески тарийхты,
Патшаны тахттан жыққанын.

Қуллықтан елди қутқарып,
Ҳәммени азат еткенин.



Еркинлик алып, қут дарып,
Бахытлы заман жеткенин.

Халықты езип талаған,
Байлардың күни батқанын.
Жақсылық күнге талабан,
Жарлының таңы атқанын.

Сум қолын қанға батырған,
Жаў менен кайтпай алысқан.
Ким десең танды атырған,
Ер екен Ленин данышпан.

Тең көрип Ленин ҳәммени,
Күн болып шуғла шашады.
Жүргизип қырдан кемени,
Жарлыға қушақ ашады.

Азатлық ушын күш бекип,
Гүреске шығып танлантқан.
Басқарып Ленин халық жеңип
Россияда таң атқан.

Сол таңның нуры бизге де,
Келеди дейди тез жетип.
Шуғласын сеўип жүзге де,
Турады дейди шад етип.

Еркинлик берип елге де,
Ерлерди алға өрлетип.
Жан берип саҳра-шөлге де,
Қоярды дейди гүллентип.

Бизлерге енди жолдаслар,
Қырағы көзли, жүрекли.
Изине ертип, жол баслар,
Баҳадыр жигит керекли.

Басласа бизди мәрт жигит,
Халықтың кеўлин тапқандай.
Деген бар ерге арт үмит,
Ел ушын арға шапқандай.

Жигитлер карап оң-солға,
Жүрейик әбден сақ болып.
Айлана қойса ис оңға,
Турайық ҳәмме тақ болып.

Усыны бизден күтеди,
Қаладан келген сол жигит.
Гүрессек мақсет питеди,
Деп кетти—таяр бол жигит.

Байларға қарсы гүреске,
Жарлының басын курайық
Салайық күшти бул иске,
Жеңиске жәўлан урайық.

Жоқары жақтан басланып,
Киятыр екен таң атып.
Қара түн серпип тасланып,
Күн шықсын елди оятып.

Усы сөз еди айтарым,
Түсинип алың мәнисин.
Байларды дизден қайтарып,
Бериңлер мықлап тәмбисин.

4

Арадан өтти ай, жыллар,
Айланып келди мына гүз.
Жыйналды барлық лақыллар,
Қулазып қалды кула дүз.

Мал айдаў болды, жумыстан,
Дыйқанның қолы босады.
Дүрлигип ушқан тум-тустан,
Еркин бир қусқа усады.

Ержанның ерки өзинде,
Бостанлық тийди қолына.
Қой баққан ол жас гезинде,
Түсти де аўыл жолына.

Елеслеп Гүлжан көзине,
Кеўилин тартып кетеди.



Сағынған ярдың өзине,
Ықласы артып кетеди.

Пияда емес, көликли,
Киятыр атын желдирип.
Әбигер емес, көрикли,
Жүристиң сәнин келтирип.

Гүлжанға жеткер тезирек,
Дегендей қамшы басады.
Ушады алып көкирек,
Кеўили суўдай тасады.

Қой бағып кийген кылқаны,
Қолынан түскен таяғы.
Жалланған болып дыйқаны,
Баяры берген баяғы.

Қуйрығы, жалы жетилип,
Қотыр тай түлеп, ат болды.
Семирди жақсы күтилип,
Ержанның кеўли шад болды.

Мингени жүйрик темир көк,
Шайқалған жорға жүрисли.
Суўлыққа таслап ентелеп,
Өндирер кем-кем жүристи.

Изинен қуўып жетеди,
Бир топар аўыл жигити.
Той бар деп мирәт етеди,
Алдынан күтер үмити.

Той десе қуў бас жумалар,
Шабысып ала жөнеди.
Бәри жас, таныс жоралар,
Той берген жерге келеди.

Тойхана адам лық толы,
Жигитлер, қызлар жыйылған.
Келгенди тойға бул жолы,
Гүлжан да қасы қыйылған.

Қатара тиккен қара үй,
Ақ баскур, жаңа ақ үзик.
Тутқаны оған ақ жез ший,
Жарасар бәри сән дүзип.

Мийманлар бары ишинде,
Көринип турар шийлерден,
Хош келдиң деген пишинде,
Буларға усы үйлерден.

Үй берди, табақ тартылды,
Той пайын қойды алдына.
Гүреске шық деп айтылды,
Сәйкеслеп елдиң салтына.

Ағайин ҳәм жек-жат қоллап,
Келискен ўақты исиниң.
Алысқа арнап ат жоллап,
Айтырған сақый кисиниң.

Той екен уллы болғанға,
Қуўанып берип атырған,
Түсиўге ең бас палўанға,
Талабан келип атырған.

Ҳәр палўан ҳәр бир аўылдан,
Шешинип шықты ортаға.
Илимнен, күштен, қарыўдан,
Сыналар палўан ортада.

Аламан моллам дөгерек,
Қур болып қоршап турыпты.
Гүрес дәс, илим, күш керек,
Тутысып шаршап турыпты.

Гүрескенлер бул сапары,
Биреўи жығып пәй алды.
Минекей Ержан топары,
Ҳалқадан келип жай алды.

Бас палўан нардай жарап тур,
Мәрт болсаң келши берман деп.



Аламан тыныш қарап тур,
Ким шығар екен буған деп.

Геўкеўлеп ҳәмме Ержанды,
Усы мен-менге салады,
Көтерип урып палўанды,
Гүреске абырай алады.

Байрағына ат миндирип,
Тойхана шапан жабады.
Халайық ҳүрмет билдирип,
Ержанның кеўлин табады.

Жигитлер, қызлар жыйылған,
Орамал түйип береди.
Гүлжан да қасы қыйылған,
Саўғасын сүйип береди.

Бир жерде гүрес тутылса,
Бир жерде жыраў жырлайды.
Жуўабый қыздан утылса,
Жигитлер ылақ ойнайды.

Ат шапса пешин қайырып,
Жас жүрек шулғый баслайды.
Ержан ер қурды айырып,
Гүлжанға ылақ таслайды.

Күншилик жерден қашырып,
Көк аты алда кеп жүрди.
Дуйым журт даңқын асырып,
Ержанның көги деп жүрди.

Ылаққа, жолға шапқанда,
Тер шыққан сайын пәт алды.
Сейислеп бабын тапқанда,
Ержан көк болып аталды.

Дәўлеттиң басы, уйтқысы,
Бахтына қотыр тай питти.
Түнлерде келмей уйқысы,
Нешше жыл, нешше ай күтти.

Жетиле берди ақырын,
Ат болды, қосты байраққа.
Қулымның жетим пақырын,
Танытты аўыл-аймаққа.

Сазенде, палўан, шабандоз,
Хәм дилўар, жүйрик сөзге деп.
Жолына болсақ паяндоз,
Салар ма нәзер бизге деп.

Қызлардың кеўли, ықласы,
Ержанға аўып кетеди.
Тәрийпи дәстан қулласы,
Көп жерге барып жетеди.

Қыз десе қызбас жан бар ма,
Жибинен услап үмиттиң.
Жетсек деп усы әрманға,
Аўылда талай жигиттиң.

Болса да қыздан дәмеси,
Буйырған жерден дуз татар.
Ҳүрметлеп жақын жеңгеси,
Гүлжанды Гүлқыз деп атар.

Мереке-мейлис дус келсе,
Гүлқызды излер көпген көп.
Дизгиний қағып жиберсе,
Жулдызды гөзлер Ержан көк.

Алдына жигит түсирмей,
Жүргенде кеўли шарқ урып,
Қупыя келип сездирмей,
Қалаға кетти шақырып.

**5**

Парахат тыныш халыққа,
Ғаўасат тарап ҳәр күни.
Сып-сыңлар шығып аныққа,
Кеклери қайнап бир күни.

Дүрлигип кетип ел иши,
Ескилик торын жек көрди.



Ерликке толы ер иси,
Атларға жарақ бөктерди.

Бай менен жарлы делинип,
Айырма ашып тасланды.
Гедейлер шықты бөлинип,
Гүресли күнлер басланды.

Байларға қарсы тис қайрап,
Аңлысып күнлер өтиўде,
Гүресиў ушын күш жыйнап,
Шық деген сөзди күтиўде.

Шабандоз жигит шалқайып,
Палўан деп атақ алыўдан.
Тосыннан болып зымғайып,
Кеткели Ержан аўылдан.

Ўақытлар өтти арадан,
Дерегин ҳеш ким билмеди.
Жигитлер кеткен қаладан,
Хабар да жөнлеп келмеди.

Кеткенлер қызыл әскерге,
Қосылып алған деседи.
Ақлардан шыққан ләшкерге,
Зобалаң салған деседи.

Жарқылдап қылыш қолларда,
Душпанның басын кеседи.
Азатлық келер жолларда,
Самалы таңның еседи.

Гүреске барлық халықты,
Баслаған Ленин деседи.
Бостанлық бахыт алыпты,
Шад еткен елин деседи.

Лениниң батыр ерлери,
Бунда да келер деседи.
Халықтың ғошшақ мәртлери,
Жеңиске жетер деседи.

Биздеги Алексей деген,
Бәринен хабардар екен.
Жигитлер жыйған жүзлеген,
Келисип адамлар менен.

Өзи де тынымсыз екен,
Тилди де билип баратыр.
Мийнеткеш жырымсыз екен,
Ишине кирип баратыр.

Сол екен бизге Ленинди,
Таныткан ашқан халық көзин.
Гүреске буў деп белинди,
Халыққа айткан ҳақ сөзин.

Сол екен жүрген жиберип,
Заводтан исши жигитти.
Ҳәркимге айтар сөз берип,
Жүргизип кел деп үгитти.

Исшини, жарлы дыйқанды,
Изине сөйтип ертипти.
Жоқ етип қарсы турғанды,
Дүзипти жаңа тәртипти.

Көрсетип берген халыққа,
Лениниң уллы сүўретин.
Жүректен сүйген халық та,
Көсемниң күндей келбетин.

Қаладан келген биймәлим,
Жигит те көпке бас екен.
Заводта алған ол тәлим,
Өз елин сүйген жас екен.

Журт билер жүрген жеринде,
Белгили аты Ҳикимет.
Туўылып өскен елинде,
Орнатып жаңа ҳүкимет.

Еркинлик алып ел бүгин,
Еристи жаңа ўақытқа.



Жеңилтип халықтың мүшкилин,
Жетисти қолы бахытқа.

Бир топар жигит песинде.
Қаладан шығып жөнеди.
Бар екен Ержан ишинде,
Шаңғытып шаўып келеди.

Таяқлы жүрип жасында,
Қой баққан жерден өтеди.
Саясыз қумның басында,
Күн қаққан жерден өтеди.

Күшейтип аттың дүбирин,
Жоллары шаңғып кетеди.
Ойласа жаслық дәўирин,
Қыялы қаңғып кетеди.

Бойында жигер қайнаған,
Жүреги жәўлан урғандай.
Гүлжаны менен ойнаған,
Көшпеги күтип турғандай.

Кешеги дүзге көз таслап,
Асығар елге жетиўге.
Халыққа күткен ең дәслеп,
Қуўаныш инам етиўге.

Асығар атлы жигитлер,
Асынып алған жаў-жарақ.
Көзлерде арзыў-үмитлер,
Көпшилик жолға тур қарап.

Шадлықтан кеўли ҳалласлап,
Байрағы қолда желбиреп.
Аўылға қарай жол баслап,
Киятыр алда Ержан көк.

Исенип бирлик күшине,
Ақылы жетип пәмлеген.
Бостанлық алыў исине,
Булардың басын жәмлеген.

Көп түсе бермей көзлерге,
Астыртын исти питкерип.
Баяғы күни бизлерге,
Жаңалық хабар жеткерип.

Қаладан келип жүрген сол,
Ҳикимет екен басшысы.
Изине ертип шыққан ол,
Қасында гил мәрт қосшысы.

Аўылға кирди шаңғытып,
Гүрестиң қызған күнлери.
Таралып турды жаңғырып,
Жеңистиң шадлы үнлери.

Қызыл үй тигип үстине,
Қадады қызыл байрақты.
Атқан таң нуры түсти де,
Жайнатты аўыл-аймақты.

Нурынан таңның сескенип,
Серпиле берди қара түн.
Азатлық деген сес келип,
Жарлыға туўды жақты күн.

Асырған иске әрманын,
Езилип келген елимниң.
Ендирген қайта дәрманын,
Уллары дана Ленинниң.

Серпилтип қара түнлерди,
Бахыттың таңын атырған.
Орнатқан азат күнлерди,
Айналсын халқым батырдан.

Аңсаған теңлик алыўды,
Халыққа дәўран келди деп.
Қуўантып қала, аўылды,
Аралап шапты Ержан көк.



## МАЗМУНЫ

*Қосықлар*

Уллы Октябрь . . . . . . . . 3
Бәҳәр гүллери . . . . . . . . 4
Көзиме түссең . . . . . . . . 4
Нөкис . . . . . . . . 5
Әрман етип жасайман . . . . . . . . 6
Кең далам . . . . . . . . 7
Енди . . . . . . . . 8
Бадам қабақ астында . . . . . . . . 8
Мийнет гүли . . . . . . . . 9
Қосық тоқырман . . . . . . . . 10
Жаслығым сени излеймен . . . . . . . . 10
Қутлы болсын жаңа жыл . . . . . . . . 11
Пахтакешлерге . . . . . . . . 12
Октябрьдиң жеңиси . . . . . . . . 13
Қасым Әўезовқа . . . . . . . . 14
Бәҳәрим келди . . . . . . . . 16
Мәнзилге . . . . . . . . 17
Қызлардың бахты . . . . . . . . 18
Жеңис күни . . . . . . . . 19
Мақсуда . . . . . . . . 20
Бир байрақтың астында . . . . . . . . 20
Уфада көрдим . . . . . . . . 22
Булақ басында . . . . . . . . 23
Гүл қумар жанман . . . . . . . . 23
Пәкизе, тыныш . . . . . . . . 24
Гүллей доланып . . . . . . . . 25
Меҳир булағым . . . . . . . . 25
Темир жол келди . . . . . . . . 27
Әмиў бойында . . . . . . . . 27
Аббаз шайырға . . . . . . . . 28
Сиз әдиўли анасызлар . . . . . . . . 29
Үстиртти изертлеўшиге . . . . . . . . 30
Кеттиң . . . . . . . . 31
Бизиң армия . . . . . . . . 31
Достым Рамзге . . . . . . . . 33
Халқым мениң . . . . . . . . 34
Хош етиў ушын . . . . . . . . 34

*Балладалар*

Қан тамған қайың . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 36
Шоқ гүл . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 38

*Поэмалар*

Баҳадыр, ҳәм Дана . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 47
Жарлы адам ҳәм ғарғалар патшасы ҳаққында . . . . . . . . 63
Ержан көк . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 84



*На каракалпакском языке*

**Байнияз Қаипназаров**

**Ержан кок**

*Стихи, баллады и поэмы*

*Нукус „Қаракалпакстан", 1983*

Редакторы *Ө. Сәрсенбаев.*
Художник *И. Қыдыров.*
Худ редакторы *Қ Нәжимов.*
Тех. редакторы. *З, Алламуратов.*
Корректоры. *К. Жуманова.*

ИБ 693

Териўге берилген ўақыты 8/XII-1982-жыл. Басыўға рухсат етилген ўақыты 24/I-1983-жыл. Қағаз форматы 84 x 100$^1/_{32}$. Көлеми 3,625 баспа табак. 6 ,09 шәртли баспа табақ. 5,0 есап баспа табақ. РК 33525. Тиражы 3000. Заказ 534. Баҳасы 60 т.

„Қарақалпақстан" баспасы. 742000. Нөкис қаласы. К. Маркс көшеси 9,

ҚҚАССР баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша Мәмлекетлик комитетиниң Нөкистеги „Правда" ның 50 жыллығы атындағы полиграфкомбинаты. 742000. Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9